# Адыгэ макъ

№ 7 (19521)
2010-рэ илъэс
БЭРЭСКЭЖЪЫЙ
ЩЫЛЭ МАЗЭМ и 20

ОСЭ ГЪЭНЭФАГЪЭ ИIЭП

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэмрэ и Правительствэрэ ягъэзет


# ЯIОФШIАГЪЭХЭР зэфахьысыжьыгъэх

**Тыгъуасэ, щылэ мазэм и 19-м, АР-м и МВД иколлегие игъэкIотыгъэ зэхэсыгъо иIагъ. Адыгэ Республикэм хэгъэгу кIоцI IофхэмкIэ и Министерствэ 2009-рэ илъэсым Iофэу ышIагъэм изэфэхьысыжьын ыкIи къихьэгъэ илъэсым пшъэрылъэу зыфигъэуцужьыхэрэм ар афэгъэхьыгъагъ.**



Зэхэсыгъом иIофшIэн хэлэжьагъэх АР-м и Президентэу ТхьакIущынэ Аслъан, АР-м и Премьер-министрэу КъумпIыл Мурат, АР-м и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Тхьаматэу Анатолий Ивановыр, федеральнэ инспектор шъхьаIэу ЛIыIужъу Адам, АР-м и Апшъэрэ Суд ипащэу Трэхъо Аслъан, АР-м ипрокурорэу Сергей Охлопковыр, министерствэм иколлегие хэтхэр, нэмыкIхэри.



Пэублэ гущыIэр ТхьакIущынэ Аслъан ратыгъ.

— УФ-м и Президентэу Дмитрий Медведевым иунашъокIэ джырэ лъэхъан тикъэралыгъо щыкIорэ зэхъокIыныгъэхэм Урысыем и МВД шэпхъэ инхэм адиштэу иIофшIэн зэхищэн амал къыреты, — къыIуагъ республикэм ипащэ.

— Адыгеим щыпсэурэ цIыфхэм ярэхьатныгъэ къэухъумэгъэным, цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм азыфагу илъ зэгурыIоныгъэр гъэпытэгъэным, бзэджэшIагъэу республикэм щызэрахьэрэр нахь макIэ шIыгъэным дэлэжьэрэ правэухъумэкIо органхэм лъэшэу тызэрафэразэр ясIомэ сшIоигъу. Анахьэу къыхэгъэщыгъэн фаер АР-м и МВД ипащэу Александр Сысоевым ыкIи ащ игуадзэхэм яIофшIэн дэгъу дэдэу зэрэзэхащэрэм ишIуагъэкIэ, мы аужырэ уахътэм Iофхэм язытет нахьышIум зэрэфиузэнкIыгъэр ары.

ПравэухъумэкIо органхэм япшъэрылъхэр щытхъу хэлъэу зэрагъэцакIэрэр къеушыхьаты непэ Адыгеир рэхьатныгъэ ыкIи зэгурыIоныгъэ зэрылъ субъектхэм зэращыщым. Гъэхъагъэу щыIэхэм адакIоу, гумэкIыгъоу, щыкIагъэу щыIэхэри зыщыдгъэгъупшэхэ хъущтэп. Шапхъэхэм адимыштэрэ шъон пытэхэр республикэм къызэрэращэрэм, наркоманием, экстремизмэм, терроризмэм апэшIуекIогъэным ылъэныкъокIэ милицием иIофшIэн нахь ыгъэлъэшын фае. Законыр зыукъохэрэм шIокI имыIэу уголовнэ пшъэдэкIыжь ягъэхьыгъэныр пшъэрылъ шъхьаI.

Джащ фэдэу, экономикэ бзэджэшIагъэхэм якъыхэгъэщын тынаIэ тедгъэтыныр анахь мэхьанэшхо зиIэ лъэныкъохэм ащыщ. ГущыIэм пае, псэупIэ-коммунальнэ хъызмэтым щыкIорэ реформэхэм апэIухьанэу федеральнэ гупчэм сомэ миллион 600 фэдиз блэкIыгъэ илъэсым республикэм къыфитIупщыгъ. А ахъщэр тэрэзэу агъэфедагъа, зищыкIагъэм пэIуагъэхьагъа? АР-м игъэцэкIэкIо ыкIи изаконодательнэ органхэм милициер ягъусэу мы Iофыгъом изэхэфын лъыплъэнхэ фае.

Мэхьанэшхо зиIэхэм ащыщ коррупцием пэшIуекIогъэныр. Непэ иIэнатIэ ыгъэфедэзэ законыр зыукъохэрэм пшъэдэкIыжь ядгъэхьын, ахэм тапэшIуекIон фае. Анахь тызыгъэгумэкIырэ лъэныкъохэм ащыщ республикэм игъогухэм къатехъухьэрэ хъугъэ-шIагъэхэм цIыфыбэ зэрахэкIуадэрэр. Гъогу-патруль къулыкъушIэхэр мы Iофыгъом изэшIохын нахь пытагъэ хэлъэу къекIолIэнхэ фае. КъызэрэсIуагъэу, гумэкIыгъоу тэпашъхьэ итыр макIэп, ау тызэгъусэу, зыкIыныгъэ тазыфагу илъэу тызэдэлажьэмэ, а зэкIэри зэшIохыгъэ зэрэхъущтым сицыхьэ телъ.

Нэужым гущыIэр ыштагъ АР-м хэгъэгу кIоцI IофхэмкIэ и Министерствэ ипащэу Александр Сысоевым. Ащ къызэрэхигъэщыгъэмкIэ, блэкIыгъэ илъэсым МВД-м иIофышIэхэм анахьэу анаIэ зытырагъэтыгъэ лъэныкъохэм ащыщых бзэджэшIагъэхэм якъыхэгъэщын ыкIи ахэр профилактикэ шIыгъэнхэр, общественнэ рэхьатныгъэр къэухъумэгъэныр, экстремизмэм ыкIи терроризмэм апэшIуекIогъэныр.

2009-рэ илъэсым зэкIэмкIи республикэм бзэджэшIэгъэ 4865-рэ щызэрахьагъэу агъэунэфыгъ, 2008-м егъэпшагъэмэ, ар проценти 3-кIэ нахьыб. ПшъэдэкIыжь зэрагъэхьыгъэхэм япчъагъэ нэбгырэ 2529-рэ мэхъу. Милицием икъулыкъушIэхэм зэшIуахыгъэ Iофыгъохэм яшIуагъэкIэ, бзэджэшIэгъэ хьылъэхэм ыкIи хьылъэ дэдэхэм япчъагъэ нахь макIэ хъугъэ.

ГумэкIыгъо шъхьаIэхэм ащыщэу министрэм къыIуагъэр гъогухэм къатехъухьэрэ авариехэр ары. 2009-рэ илъэсым республикэм игъогухэм къатехъухьэгъэ хъугъэ-шIагъэхэм нэбгыри 117-рэ ахэкIодагъ, нэбгырэ 700-м ехъумэ шъобжхэр хахыгъэх. Мыщ фэдэ тхьамыкIагъохэр къэмыхъунхэм фэшI гъогу-патруль къулыкъум Iоф зэришIагъэм зэримыгъэрэзагъэр пащэм къыхигъэщыгъ. Джащ фэдэу, зыныбжь имыкъугъэхэм зэрахьэрэ бзэджэшIагъэхэм, аркъ нэпщIым къыхэкIыкIэ цIыфхэм япсауныгъэ зэщыкъуагъэ зэрэхъурэм ыкIи ащ кIэух горэ фэшIыгъэн зэрэфаем министрэр къащыуцугъ. Муниципальнэ образованиехэм ащыIэ милицием иподразделениехэм япшъэрылъхэр нахь тэрэзэу агъэцэкIэнхэу унашъо къафишIыгъ. АР-м и Президентэу ТхьакIущынэ Аслъан, АР-м и Правительствэ сыд фэдэрэ лъэныкъокIи IэпыIэгъу къазэрафэхъухэрэр министрэм игуапэу къыхигъэщыгъ.

АР-м и Президент зэхэсыгъом кIэух зэфэхьысыжьхэр къыфишIыхэзэ, ар зэрэрекIокIыгъэм зэригъэрэзагъэр къыIуагъ. Гъэхъагъэу щыIэхэм адакIоу щыкIагъэу щыIэхэми шъхьэихыгъэу Александр Сысоевыр къызэращыуцугъэм мэхьанэшхо иIэу ТхьакIущынэ Аслъан ылъытагъ. ТапэкIи министерствэм IэпыIэгъу къыфэхъухэзэ, Iофыгъоу къэуцухэрэр зэрэзэшIуахыщтхэм ицыхьэ зэрэтелъыр республикэм ипащэ къыIуагъ.

**ТХЬАРКЪОХЪО *Адам.***

*Сурэтхэр А. Гусевым къытырихыгъэх.*

# КЪЭБАРЫКIЭХЭР

## IОФТХЬАБЗЭУ «ЛЪЭСРЫКIУ»

2010-рэ илъэсым иапэрэ мэфипшIэу пыкIыгъэм Адыгэ Республикэм игъогухэм хъугъэ-шIэгъи 10 къатехъухьагъэу агъэунэфыгъ, ахэм зы нэбгырэ ахэкIодагъ, нэбгыри 10-мэ шъобжхэр атещагъэхэ хъугъэ. Гъогум щыхъурэ хъугъэ-шIагъэхэм ащыщэу анахь гумэкIыгъуабэ къызыпыкIыхэрэр лъэсрыкIохэр ары. Мы илъэсым иапэрэ мэфипшIым къыкIоцI республикэм игъогухэм лъэсрыкIохэр зыхэтыгъэ хъугъэ-шIэгъи 5, ежь лъэсрыкIохэм ялажьэ хэлъэу хъугъэ-шIэгъитIу къатехъухьагъ.

ЛъэсрыкIохэм алъэныкъокIэ гъогурыкIоныр щынэгъончъэу щытыным, ахэр зыхэфэрэ хъугъэ-шIагъэхэр нахь макIэ шIыгъэнхэм апае 2010-рэ илъэсым ищылэ мазэ и 15-м къыщегъэжьагъэу и 30-м нэс профилактическэ IофтхьабзэуЛъэсрыкIу» зыфиIорэр Адыгэ Республикэм щэкIо.

Водителым фэдэу лъэсрыкIоми гъогурыкIоным шапхъэу пылъхэр ыгъэцэкIэнхэ фае. ЛъэсрыкIом гъогурыкIоным ишапхъэхэр ыукъохэ зыхъукIэ, водителыр гумэкIыгъо чIыпIэ регъэуцо.

Щылэ мазэм и 10-м, пчыхьэм, амыгъэунэфыгъэ чIыпIэм Мыекъуапэ гъогур щызэпызычыщтыгъэ лъэсрыкIор автомобилэу ВАЗ-м риутыгъ. ЛъэсрыкIом шъобжэу тещагъэхэм къахэкIэу идунай ыхъожьыгъ. Мы хъугъэшIагъэм ушъхьагъоу фэхъугъэр лъэсрыкIом гъогурыкIоным ишапхъэхэр зэриукъуагъэхэр ары.

Мыщ фэдэ тхьамыкIагъо шъухэмыфэным пае, сыд фэдизэу шъогузажьоми, сакъыныгъэ ренэу гъогум къыщышъухэхъугъэфэн фае. ГъогурыкIоным ишапхъэхэр амыукъонхэр зэкIэми япшъэрылъ шъхьаI.

*ПIАТIЫКЪО Ичрам.*
*ОПС N 1-м иротэ икомандир игуадз, милицием иподполковник.*

## МЭЗИЩКIЭ ЗЭФАШIЫГЪ

**Суд приставхэм яфедеральнэ къулыкъу и ГъэIорышIапIэу Адыгэ Республикэм щыIэм и Шэуджэн район къутамэ иIофышIэхэм культурэм иучреждении 8-м яIофшIэн къызэтырагъэуцуагъ. Ахэр мэфэ 30-м къыщегъэжьагъэу 90-м нэс Iоф амышIэнэу зэфашIыгъэх.**

Шэуджэн районымкIэ культурэм икъоджэ унэхэм машIо къэщымыхъуным ишапхъэхэр зэрамыгъэцакIэхэрэр ары мы хъугъэ-шIагъэм лъапсэ фэхъугъэр. Ащ фэдэу машIо къызыхэкIэ автоматическэу макъэ къэзыгъэIурэ пкыгъохэр, унэм чIэкIыпIэ тэрэзхэр зэримыIэхэм ыкIи укъызэрэчIэкIыщтым иплан зэрэщымыIэм апае культурэм и Унэу Тихоновым дэтыр мэфэ 90-кIэ зэфашIынэу Шэуджэн район судым унашъо ышIыгъ. Унэр зэпхыгъэ мэкъумэщ кооперативэу «Победа» зыфиIорэм административнэ пщыныжьэу ар фагъэнэфагъ.

Судым иунашъо приставхэм агъэцэкIагъ, культурэм и Унэ иIофшIэн къызэтырагъэуцуагъ. Тихоновым дэтым изакъоп, адрэ учреждениехэу зэфашIыгъэхэм япащэхэми агурагъэIуагъ судым иунашъо амыгъэцакIэмэ, уголовнэ пшъэдэкIыжь зэрахьыщтыр.

*Суд приставхэм я ГъэIорышIапIэу АР-м щыIэм ипресс-къулыкъу*

## МВД-м КЪЕТЫ

**Щылэ мазэм и 11-м къыщыублагъэу и 17-м нэс Адыгэ РеспубликэмкIэ МВД-м бзэджэшIэгъи 157-рэ щагъэунэфыгъ. Гъогухэм хъугъэ-шIэгъи 8 атехъухьагъ, ахэм зы нэбгырэ ахэкIодагъ, нэбгыри 8-мэ шъобжхэр хахыгъэх.**

Гукъау нахь мышIэми, бзэджэшIагъэр ащ лъыпытэу, псынкIэу зэхафэу бэрэ къыхэкIырэп. БзэджашIэр къаубытыным ыкIи ащ пшъэдэкIыжь рагъэхьыным мэзэ пчъагъэхэр тешIэхэу мэхъу. Ащ фэдэу, тыгъэгъазэм ыкIэхэм Джэджэ районымкIэ станицэу Дондуковскэм щыщ кIэлэ зихэхъогъоу илъэс 74-рэ зыныбжь бзылъфыгъэм иунэ шъхьаныгъупчъэр хиути ихьагъэр мы мафэхэм къаубытыгъ. Сомэ мини 4-у унэм къырихыгъэр зыдихыгъэр джы зэхафы.

Мыекъуапэ щыщ кIалэу зыгорэм идачэ дэлъ псэолъапхъэхэр зытыгъугъэри къаубытыгъ. ШышъхьэIу мазэм автомобилэу ВАЗ-2106-м сотовэ телефонэу «Нокиа» зыфиIорэр изыхыгъэри къыхагъэщыгъ. Ахэм зэкIэми уголовнэ Iоф къафызэIуахыгъ.

Мы аужырэ илъэсхэм электрогъучIычхэм ятыгъун епхыгъэ бзэджэшIагъэхэр нахьыбэ хъугъэ. Ахэр къэгъотыгъошIу хъурэп, ау мы мафэхэм станицэу Даховскэм щыщ кIалэу алюминэ хэшIыкIыгъэ гъучIычэ метри 100 зытыгъугъэр къаубытыгъ, ар пхъашэу агъэпщынэщт.

КIэлитIумэ (зыр МВД-м иIофышI) ГИБДД-м икъулыкъушIэхэу аIозэ, шъуашэхэр ащыгъэу Краснодар икIэу Новороссийскэ кIорэ гъогум автомашинэхэр къыщагъэуцущтыгъэх. Ау щылэ мазэм и 17-м ахэр къаубытыгъэх. ТIуми илъэс 29-рэ зырыз аныбжь, ахэм уголовнэ Iоф къапагъэтэджагъ.

Тэхъутэмыкъое районымкIэ къуаджэу Пэткэу щагъэпсыгъэ сатыушIыпIэ гупчэм Курскэ хэкум къикIыгъэ кIалэу илъэс 23-рэ зыныбжьым диванэу сомэ мин 17 зыуасэм сомэ мини 6 нахьыбэ ымыуасэу къашIуигъэшIызэ, тучаным къычIихынэу фэягъ. Ау кIалэр къаубытыгъ.

Пэнэжьыкъое почтэм ипочтальонхэм ащыщ горэм сомэ мин 30 пенсиехэм ащыщэу ыштагъ. Мы мафэхэм ащ фэгъэхьыгъэ уголовнэ Iоф къызэIуахыгъ. Оперативникхэм пенсиер икъу фэдизэу зэрамытыгъэхэр агъэунэфых, зэгуцафэхэрэр шъыпкъэу къызычIэкIыкIэ, пшъэдэкIыжьэу ащ хьапс илъэсищ фэдиз къыхьын ылъэкIыщт.

Компаниеу «Интеркорп» лъэшэу гухэкI щыхъоу компанием ипрезидент иупчIэжьэгъоу Бэгъэдыр Айдэмыр Ибрахьимэ ыкъом фэтхьаусыхэ ышэу Кимэ идунай зэрихъожьыгъэм фэшI.

Тизэдэгущы Iэгъухэр

# ЯЗЭПХЫНЫГЪЭХЭР

***Адыгэ Республикэм лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ Комитетым итхьаматэу ЖакIэмыкъо Вячеслав тиупчIэхэм джэуапхэр къаретыжьы.***

**— Вячеслав Шумафэ ыкъор, Урысые ФедерациемкIэ тихэгъэгогъухэу IэкIыбым щыпсэухэрэм лъэныкъо пстэумкIи зэфыщытыкIэ дэгъухэр адытиIэнхэр УФ-м иджырэ къэралыгъо политикэ мэхьанэшхо зэритыхэрэм ащыщ. IэкIыбым щыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм ащ фэдэ зэфыщытыкIэшIухэр адытиIэнхэмкIэ сыд фэдэ правовой база тызэрыгъуазэрэр, Комитетым иIофшIэнкIэ сыд фэдэ лъэныкъохэр ара къыхэбгъэщы пшIоигъор?**

— IэкIыбым щыпсэурэ тихэгъэгогъухэм зэфыщытыкIэшIухэр адытиIэнымкIэ правовой базэ шъхьаIэу тызэрыгъуазэрэр Урысые Федерацием и Конституцие, Федеральнэ законэу «Къэралыгъо политикэу Урысые Федерацием IэкIыбым щыпсэурэ тихэгъэгогъухэм афэгъэхьыгъэу зэрихьэрэр» зыфиIорэр, УФ-м и Правительствэ а лъэныкъомкIэ унашъоу ыштагъэхэр ары. Джыдэдэм 2009 — 2011-рэ илъэсхэм IэкIыбым щыпсэурэ тихэгъэгогъухэм Iоф зэрадашIэщт федеральнэ Программэр мэлажьэ.

Урысые Федерацием икъэралыгъо политикэкIэ лъэныкъо шъхьаIэу Урысыем ипащэхэм алъытэрэр Урысыем икIыжьыгъагъэхэу зипчъагъэкIэ бэ хъурэ хэхэсхэм Iофэу адашIэрэр гъэлъэшыгъэныр ары. Хэгъэунэфыкlыгъэмэ хъущт ащ фэдэ политикэр обществэм иэкономикэ, икультурэ ыкIи инэмыкI лъэныкъохэм хэхьоныгъэ ягъэшIыгъэнымкIэ диаспорэм иамалхэр дунаим къызэрэщызфагъэфедэрэм зэрэдиштэрэр.

Урысые Федерацием икъэралыгъо лъэпкъ политикэ анахь мэхьанэ зиIэу ылъытэхэрэм ащыщ Урысые Федерацием игражданхэу IэкIыбым щыпсэухэрэм яфитыныгъэхэмрэ яшIоигъоныгъэхэмрэ къэухъумэгъэнхэр, ахэм абзэ, якультурэ, ялъэпкъ шэн-хабзэхэр къэгъэнэжьыгъэнхэмкIэ яшIуагъэ арагъэкIыныр, ячIыгужъ дыряIэ зэпхыныгъэр мэждународнэ правэм ишапхъэхэм атетэу нахь гъэпытэгъэнхэр.

УФ-м и Программэу IэкIыбым щыпсэурэ лъэпкъэгъухэм 2009 — 2011-рэ илъэсхэм Iофэу адашIэщтхэр къыдэзылъытэрэр Урысыем и Правительствэ 2008-рэ илъэсым шэкIогъу мазэм и 10-м ыухэсыгъ. Ащ къыщеIо къэбархэмкIэ зэхьожьынхэр, гъэсэныгъэм, культурэм алъэныкъокIэ зэфыщытыкIэхэр урысыбзэ зыIулъхэм язакъоп, Урысыем щыпсэурэ цIыф лъэпкъхэм абзэхэмкIэ гущыIэхэрэми яфедэ зыхэлъ Iофыгъохэр адызэрахьащтых. Ар Iофыгъо дэгъу дэд, къэралыгъом иIэшъхьэтетхэм къэралыгъо лъэши, диаспорэ лъэши яIэмэ зэрашIоигъом ар ишыхьат.

**2008-рэ илъэсым икIэух АР-м и Президентэу ТхьакIущынэ Аслъанрэ УФ-м и Правительствэрэ пшъэрылъ зэрашIыгъэм тетэу Адыгеим апэрэу щаштагъ республикэ Программэу «IэкIыбым щыпсэурэ хэгъэгогъухэм зэпхыныгъэу адыряIэхэм хэхъоныгъэ ягъэшIыгъэныр ыкIи гъэпытэгъэнхэр» зыфиIорэр, ар 2009 — 2011-рэ илъэсхэм ателъытагъ.**

НахьыпэкIи Адыгэ Республикэм адыгэ лъэпкъ культурнэ гупчэхэу IэкIыбым щыIэхэм зэпхыныгъэ адыриIагъ. Адыгэ культурэм ифестивальхэр зэхащэх, адыгэ хэхэсхэм абзэрэ якультурэрэ къэгъэнэжьыгъэнхэм фэгъэхьыгъэ Iофыгъоу зэхащэхэрэм чIыгужъым щыпсэухэрэм ащыщхэр ахагъэлажьэх, экономикэ IофыгъохэмкIи зэпхыныгъэхэр нахь агъэлъэшых. Джы Программэр зэраштагъэм ишIуагъэкIэ, Адыгэ Республикэмрэ тилъэпкъэгъухэу IэкIыбым щыпсэухэрэмрэ язэфыщытыкIэхэр бэкIэ нахь пытэщтых.

IэкIыбым щыпсэурэ тихэгъэгогъухэм шIуагъэ къафэзыхьыщт Iофыгъохэр зэхэщэгъэнхэр, культурэ, гъэсэныгъэ, экономикэ зэфыщытыкIэхэр нахь гъэпытэгъэнхэр, джащ фэдэу УФ-м иэзконодательствэ къызэриIорэм тетэу ыкIи УФ-м мэждународнэ зэзэгъыныгъэу адишIыхэрэм адиштэу Iофхэр зэхэщэгъэнхэр ары Программэм ипшъэрылъ шъхьаIэхэр.

А пшъэрылъхэм атетэу Iофыгъохэу зэрахьащтхэр агъэнэфагъэх, купиблэу ахэр гощыгъэх, ахэм ащыщых зэхэщэн нормативнэ нэшанэ зиIэ Iофыгъохэр зэрэзэдэлэжьэщтхэр, гъэсэныгъэм, культурэм, спортым алъэныкъокIэ ашIэщтхэр, къэбар зэлъыгъэIэсыным изегъэушъомбгъун, хэутын Iофхэр.

ЗэрэхъухьэрэмкIэ, культурэ-массовэ IофыгъошIохэр зэхащэщтых, АР-м икъэралыгъо ансамблэхэм афэгъэхьыгъэ видеофильмэхэр тырахыщтых, ахэр тилъэпкъэгъухэм яобщественнэ организациехэм ахагощэщтых, ныбжьыкIэ купхэр зэхащэщтых, ахэмкIэ зэхьожьыщтых, адыгэ хэхэсхэм якIэлэцIыкIухэм, кIэлэегъаджэхэм апае агъэхьазырыщт ыкIи къыхаутыщт учебнэ-методическэ ыкIи художественнэ литературэ, тилъэпкъэгъухэу IэкIыбым щыпсэухэрэр нахь дэзыхьыхэрэ спорт лъэпкъхэмкIэ международнэ Спартакиадэ Адыгеим щызэхащэщт, нэмыкI Iофыгъохэри зэрахьанхэ ямурад.

А пстэум апэIухьащт мылькур Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет къыхэкIыщт. Хьарджхэр сомэ мин 3714,7-м нэсынэу къалъытагъ.

Программэм къыдилъытэрэ Iофыгъохэр загъэцакIэкIэ, IэкIыбым щыIэ тилъэпкъэгъухэм Адыгэ Республикэм и Правительствэ фыщытыкIэу къыфыряIэм зихъожьыщт, хэхэс адыгэхэр Адыгэ Республикэм икультурэ, иэкономикэ, ищыIэныгъэ инэмыкIырэ лъэныкъохэм нахь къыхэлажьэхэу хъущтых, информациехэмкIэ лъэныкъохэр нахь зегъэушъомбгъугъэу зэхьожьыхэзэ ашIыщт, ащ ишIуагъэкIэ, хэкужъым щыхъурэщышIэхэрэм хэхэс тилъэпкъэгъухэр нахь ащыгъозэщтых, Адыгэ Республикэм тилъэпкъэгъухэм уасэу къыфашIырэм зыкъиIэтыщт.

Тилъэпкъэгъухэр къэралыгъуабэмэ лъэпсэ пытэ ащадзыгъэу зэращыпсэухэрэр, чIыгужъым къэзыгъэзэжьынэу бэдэдэ зэрахэмытыр къызыдэплъытэкIэ, а тилъэпкъэгъухэр Урысыем ежьхэм яшIоигъоныгъэкIэ илIыкIохэу уцугъэхэу ылъытэрэ диаспорэр зэригъэпытэщтым, мамырныгъэмрэ зэгурыIоныгъэмрэ лъэпкъхэр фызэхэщэгъэнхэм, тикъэралыгъошхо иэкономикэ ифедэхэм анаIэ тырагъэтыным пылъынхэр ищыкIагъ.

Адыгэ Республикэм и Президентрэ министрэхэм я Кабинетрэ мэхьанэшхо раты тиреспубликэ иминералнэ-сырьевой базэ аIэ къырагъэхьанымкIэ зэзэгъыныгъэ зыдашIыщт партнерхэр къэгъотыгъэнхэм.

IэкIыб къэралыгъохэм къарыкIыгъэ инвесторхэм тичIыналъэ анаIэ къытырадзагъ. Джыдэдэм IэкIыб капиталыр хагъэлажьэзэ зэдыряе предприятие 20-м ехъум Адыгеим Iоф щашIэ, ахэм азыныкъор Тыркуем къикIыгъэхэм яй.

**— Республикэ целевой программэр илъэс хъугъэу агъэцакIэ, сыд фэдэ зэфэхьысыжьхэр фэхъугъэха ащ?**

— АР-м и Президентэу ТхьакIущынэ Аслъан ишIуагъэкIэ Комитетым ыкIи хабзэм инэмыкIырэ органхэм рахъухьэгъэгъэ Iофтхьабзэхэр зэхащагъэх, мылъкоу къатIупщыгъэм ахэр елъытыгъагъэх:

# ДГЪЭПЫТЭЩТЫХ, ХЭХЪОНЫГЪЭХЭРИ АХЭМ ЯДГЪЭШIЫЩТЫХ



кIэлэцIыкIухэмрэ зихэхъогъухэмрэ яреспубликэ сурэт зэнэкъокъоу «Лъэпкъым ишIэжь» зыцIэр, «Адыгэхэр (черкесхэр) я XIX-рэ лIэшIэгъум: заомрэ мамырныгъэмрэ яIофыгъохэр» зыфиIорэ «Iэнэ хъураем» изэхэсыгъо, Тыркуем щыщ адыгэ хэхэс шIэныгъэлэжьхэр ащ хэлэжьагъэх, художественнэ IофшIагъэхэм якъэгъэлъэгъонэу Урыс-кавказ заом хэкIодагъэхэм яшIэжь и Мафэ фэгъэхьыгъэу зэхащэгъагъэр, АР-м и Лъэпкъ музей адыгэ хэхэсхэм афэгъэхьыгъэ къэгъэлъэгъонэу щыкIуагъэр, Урыс-кавказ заор зыуцужьыгъэр илъэси 145-рэ зэрэхъугъэм фэгъэхьыгъэ зэхэсыгъоу ныбжьыкIэ политклубым щыIагъэр, кIэлэцIыкIухэм ыкIи зихэхъогъухэм яхудожественнэ творчествэкIэ международнэ фестиваль-зэнэкъокъоу «Звездочки Адыгеи» зыфиIорэр, АР-м икъэралыгъо ансамблэу «Ислъамыем» фэгъэхьыгъэ видеофильмэхэм якъыдэгъэкIын, (ипчъагъэкIэ 2000) ахэр IэкIыбым щыIэ тилъэпкъэгъухэм яобщественнэ организациехэм афагощыщтых, ахэм анэмыкIырэ Iофыгъохэри.

Хэхэс адыгэхэм Адыгэ Республикэм ыкIи Урысые Федерацием ящыIэкIэ-псэукIэ ишъыпкъапIэм тетэу ягъэшIэгъэным фэгъэхьыгъэ Iофыгъохэу зэрахьагъэхэр:

— Адыгэ Республикэм лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ и Комитет ынаIэ тетэу IэкIыбым щыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм тематическэ радиокъэтынхэр афызэхащэ;

— республикэ къэралыгъо гъэзетэу «Адыгэ макъэм» ихъардж фэгъэхьыгъэ сметэм 2009-рэ илъэсым гъэзетым иинтернет-версие адыгабзэкIэ, къэтыгъэным пэIухьащт ахъщэр къыдалъытагъ, ащ ишIуагъэкIэ Тыркуем, нэмыкI къэралыгъохэу КъокIыпIэ Благъэм щыIэхэм арыс адыгэхэм хэкужъым фэгъэхьыгъэ къэбархэр IэшIэхэу алъэIэсы, тилъэпкъэгъухэм, адыгэ лъэпкъым ишIэжь мафэхэу къэблагъэхэрэм афэгъэхьыгъэхэр, адыгэ культурэм щыцIэрыIо цIыфхэм яюбилейхэр алъыIэсынхэмкIэ амалышIоу щыт;

— Комитетым исайт Интернетым исеть епхыгъэ хъугъэ. Ащ тилъэпкъэгъухэр зыщыпсэухэрэ къэралыгъохэм абзэхэмкIэ ящыкIэгъэ информациер ихьащт;

— «Координация деятельности органов власти и СМИ Республики Адыгея в реализации государственной политики в отношении соотечественников за рубежом» зыфиIорэ темэмкIэ республикэм ижурналистхэм зэIукIэ джырэблагъэ афызэхащагъ;

— адыгэ телевидениеу («Нарт-ТВ») Иорданием щыIэм Iоф дэтэшIэ, ГТРК «Адыгеир» зыфиIорэм культурэ, ныбжьыкIэ, спортивнэ тематикэмкIэ икъэтынхэр ащ IэкIегъахьэх.

Журналистхэм, хабзэм ыкIи обществэм акIуачIэ зэхэлъэу тилъэпкъэгъухэу чIыгужъым къэкIожьыгъэхэм зэкъош зэфыщытыкIэхэр афыряIэу гъэпсыгъэным фэгъэIорышIэгъэным, къытхэхьажьыгъэхэр тиреспубликэ илъы хъугъэ щыIэкIэ-псэукIэм есэжьынхэмкIэ республикэ Программэм тегъэпсыхьэгъэ конкурсэу «Тигупсэ чIыгум. БлэкIыгъэмрэ тапэкIэ къэхъущтымрэ азыфагу» зыфиIорэр зэхэтщагъэ.

«Адыгеимрэ тихэгъэгогъухэмрэ» зыфиIорэ справочникыр къыдэдгъэкIынэу тэгъэхьазыры, ащ дэлэжьэщт купыр зэхэтщагъэ, справочникыр зыфэдэщтыр, ащ дэтыщтхэр тэгъэхьазырых.

Комитетымрэ общественнэ организациехэу IэкIыбым щыIэхэмрэ нахьыбэрэ зэIукIэхэ, Iоф зэдашIэ хъугъэ. АщкIэ шыхьатышIу мэхъу 2009-рэ илъэсым ичъэпыогъу мазэ Дунэе Адыгэ Хасэм ия VIII-рэ Конгресс Мыекъуапэ тызэгъусэу зэрэщызэхэтщагъэр. ДАХ-м ипрезидент къызэрэтфэразэр къызыщиIогъэ тхылъ къытфигъэхьыгъагъ. Комитетым АР-м и Президент Израиль къикIыгъэ адыгэхэм аIуигъэкIагъ, джащ фэдэу АР-м и Премьер-министрэ хэхэс адыгэхэм ядвижение чанэу хэлажьэхэрэм аIукIэгъагъ.

**— IэкIыбым щыпсэурэ зэхэгъэгогъухэм яящэнэрэ Дунэе конгресс тыгъэгъазэм иублэгъум Москва щыIагъ. Сыд фэдэ унашъоха конгрессым щаштагъэхэр? Адыгеим икъэралыгъо органхэр, адыгэ (черкес) мыправительственнэ организациехэр ащ иIофшIэн хэлажьэха?**

— Хабзэ зэрэхъугъэу, зэхэгъэгогъухэм я Дунэе конгресс ащ изэхэщакIохэм зэрэрагъэблагъэрэм тетэу, Адыгэ Республикэм икъэралыгъо хэбзэ органхэм ыкIи адыгэ общественнэ организациехэм ялIыкIохэр Международнэ Черкес Ассоциацием ибыракъ чIэтхэу хэлэжьагъэх. МЧА-р Россотрудничествэм иофициальнэ партнерэу щыт.

Конгрессым иIофшIэн хэлэжьагъ Урысые Федерацием и Президентэу Д.А. Медведевыр, УФ-м и Правительствэ хэтхэр, къэралыгъо 88-м ялIыкIохэу нэбгырэ 500-м ехъу. Федерацием исубъектхэм афэгъэхьыгъэу конгрессым ирезолюциехэм аратхагъ 2010-рэ илъэсым ахэм яIофшIэн зэрэзэхащэщтыр.

Урысые Федерацием илъэпкъ республикэхэм яIэшъхьэтетхэр IэкIыб лъэпкъ общинэхэм зэраIукIэхэрэр игъоу алъытагъ, IэкIыбым щыIэ лъэпкъэгъухэм IэпыIэгъу аратынымкIэ региональнэ бюджетым ипроцент 0,05-р икъунэу мэгугъэх.

2010-рэ илъэсым икIэух нэс Федерацием исубъектхэм яисполнительнэ органхэм структурнэ подразделениехэм язэхэщэн, джащ фэдэу межведомственнэ комиссиехэу зэхэгъэгогъухэм Iофэу адашIэрэмкIэ пшъэдэкIыжь зыхьыхэрэм язэгурыгъэIон аухынэу, ахэм яIофшIэн Урысыем и МИД илIыкIохэу регионхэм ащыIэхэр хагъэлэжьэнхэу.

2010-рэ илъэсым хэгъэгогъухэм я Дунэе конференциеу щыIэщтым анаIэ тырагъэтынэу игъоу афалъэгъугъ, IэкIыбым щыIэ ялъэпкъэгъухэм адеIэгъэнымкIэ региональнэ программэхэм яшIуагъэ къэIэтыгъэным пылъынхэу, яхэгъэгогъухэм IэпыIэгъу афэхъунхэмкIэ Iофэу ашIэрэр къэзыушыхьатырэ, къэгъэлъэгъон-презентацие зэхащэнэу рахъухьагъ.

Федерацием исубъектхэм игъоу афалъэгъугъ ялъэпкъэгъухэм (яхэгъэгогъухэм) IэпыIэгъоу аратыщтым фэгъэхьыгъэ законхэр къыхахынхэу ыкIи аштэнхэу, ащкIэ щысэ хъущт къалэу Москва и Законэу «IэкIыбым щыпсэурэ хэгъэгогъухэм къалэу Москва икъэралыгъо хабзэ иорганхэм зэрадырагъаштэрэр» зыфиIоу 2009-рэ илъэсым Iоныгъо мазэм и 23-м къыдигъэкIыгъэр. Ащ пшъэрылъэу иIэр IэкIыбым щыIэ ихэгъэгогъухэм яобъединениехэм ягъусэхэу зэдэлэжьэнхэм ыкIи мылъкукIэ ахэм адеIэгъэным фэшI законодательнэ базэ гъэпсыгъэныр ары.

Игъоу алъытэ урысые законодательствэм диштэу Федерацием исубъектхэм IэкIыб хэгъэгухэм яадминистративнэ территориальнэ образованиехэм зэзэгъыныгъэхэр адашIынхэр лъагъэкIотэныр, ащ щыщэу хэгъэгогъухэм IэпыIэгъу ятыгъэныр, пстэум апэу ахэр купышхоу зыщыпсэухэрэ чIыналъэхэм.

Федерацием исубъектхэм игъо афалъэгъугъ урысые хэгъэгогъухэм (соотечественникхэм) IэкIыб хэгъэгогъухэм якоординационнэ советхэм занкIэу зэпхыныгъэхэр адашIынэу, джащ фэдэу яхэгъэгогъухэм ямеждународнэ мыправительственнэ организациехэми зэдыряе хъызмэтшIапIэхэр зэхащэнымкIэ зэгурыIоныгъэхэр адашIынхэу.

А пстэум къахэкIэу мыщ фэдэ пшъэрылъхэр къэуцух:

— яхэгъэгогъухэм урысыбзэкIэ ыкIи Урысыем цIыф лъэпкъэу щыпсэухэрэм абзэхэмкIэ общэ гъэсэныгъэ зэрагъэгъотынымкIэ амалхэр ыкIи квотэхэр нахьыбэ зэрэхъунхэм яшъыпкъэу пылъынхэр, джащ фэдэу гурыт ыкIи апшъэрэ сэнэхьат гъэсэныгъэ зэрагъэгъотыным пае регионхэм яаспирантурэхэр, докторантурэхэр, еджапIэхэр, шIэныгъэушэтыпIэ институтхэр къызфагъэфедэнхэ фае;

— регионхэм яхозяйствующэ субъектхэм IэкIыб фирмэхэм зэпхыныгъэу адашIырэм дегъэштэгъэн фае, зэдыряе предприятиехэр, организациехэр зэхащэхэмэ, ахэм яхэгъэгогъухэр къебэкIхэу агъэпсымэ дэгъу;

— Федерацием исубъекттхэм ищыкIэгъэ дэдэу щыт правовой, социальнэ-экономическэ, организационнэ ыкIи информационнэ Iофыгъохэр ащагъэпсынхэр лъагъэкIотэн фае. Къэралыгъо программэм игъэцэкIэн къызэрэдилъытэрэм тетэу хэгъэгогъухэр ежьхэм яшIоигъоныгъэкIэ IофшIэпIакIэхэм коцынхэм пае, ахэр Федерацием исубъектхэм зэрящыкIагъэр къыдалъытэхэзэ, кIэу къыхахыгъэ псэупIэхэм щырящыкIэгъэ условиехэр ащыфызэхэщэгъэнхэм пылъынхэ фае;

— урысые регионхэм яIэшъхьэтетхэр нахьыбэу ялъэпкъэгъухэм ямеждународнэ форумхэм зэрахэлажьэщтым мэхьэнэ икъу етыгъэн фае, джащ фэдэу регионхэм ялIыкIохэр ежьхэм апэблэгъэ тематическэ секциехэм ахэлэжьэнхэри шIуагъэ зыпылъ Iофыгъоу зэрэщытыр зыщыбгъэгъупшэ хъущтэп.

ТапэкIэ мэхьанэшхо зиIэ пшъэрылъэу къэуцурэр ТекIоныгъэшхом ия 65-рэ илъэсэу къэблагъэрэм фэгъэхьыгъэ комплекснэ Iофыгъохэм ягъэхьазырын ыкIи язэшIохын ары.

А мэхьанэшхо зиIэ принципхэу зэхэгъэгогъухэм я Дунэе конгресс къыщыхагъэщыгъэхэр ары непэ тиIофшIэнкIэ тызэрыгъуазэрэр. А принципхэм адештэх республикэ целевой Программэу «IэкIыбым щыпсэурэ хэгъэгогъухэм зэпхыныгъэу адыряIэхэм хэхъоныгъэ ягъэшIыгъэнир ыкIи гъэпытэгъэнхэр» зыфиIорэм къыдилъытэрэ Iофтхьабзэхэр.

**— Хэхэс адыгэхэм адытиIэ зэпхыныгъэхэр гъэпытэгъэнхэмкIэ сыд фэдэ Iофыгъоха 2010-рэ илъэсым Комитетым зэрихьан имурадхэр?**

— Мы илъэсым тилъэпкъэгъу кIэлэцIыкIу купышхо Адыгэ Республикэм къедгъэблэгъэн тигухэлъ, тикIэлэеджакIохэмрэ ахэм ялэгъухэмрэ дэгъоу зэрэшIэнхэм пае. А гухэлъым тегъэпсыхьагъэу гъэмэфэ мазэхэм культурэм, гъэсэныгъэм афэгъэхьыгъэ Iофыгъохэр зэхэтщэщтых.

Тилъэпкъэгъухэм якIалэхэр Урысые Федерацием иапшъэрэ еджапIэхэм ащарагъаджэхэ зэрашIоигъомкIэ заявкэхэр къызагъэхьыкIэ, федеральнэ органхэм ялIыкIохэм тырягъусэу а Iофыгъом изэшIохын тишъыпкъэу тыпылъыщт. Мыщ дэжьым щыхэзгъэунэфыкIы сшIоигъу Адыгеим имызакъоу, тигъунэгъу Краснодар краири IэкIыб къэралхэм къарыкIыгъэ ныбжьыкIэхэр регионым иапшъэрэ еджапIэхэм ачIэхьанхэм зэрэфаер.

Адыгэ Республикэм икультурэ и Мафэхэр Тыркуем щызэхэтщэнхэу щыт. ТекIоныгъэшхом ия 65-рэ илъэс фэгъэхьыгъэ Iофтхьабзэхэри тэгъэхьазырых. Тилъэпкъэгъухэм афэтIотэщт тиреспубликэ ицIыфхэр Хэгъэгу зэошхом лIыхъужъыныгъэ къызхагъафэзэ зэрэхэлэжьагъэхэр.

КъэбархэмкIэ тызэрэзэхъожьырэр нахь дгъэлъэшыщт, IэкIыбым щыIэ тилъэпкъэгъухэр кIэу тиIэм щыдгъэгъуазэхэзэ тшIыщт, ащкIэ интернет-технологиер къызфэдгъэфедэщт. Иорданием Iоф щызышIэрэ адыгэ телевидениеу «Нарт-ТВ» зыфиIорэм дунаим тет адыгэхэр еплъых, ащ ныбджэгъуныгъэу дытиIэр дгъэпытэщт. Адыгэ литературнэ журналэу «Зэкъошныгъэм» тилъэпкъэгъухэм атхыгъэхэр къыхиутыщтых. Комитетым исайт тилъэпкъэгъухэу Интернетыр зыгъэфедэхэрэм упчIэу къатыхэрэм яджэуапхэр рагъотэщтых.

СМИ-хэм ямеждународнэ фестивалэу Адыгеим щызэхатщэрэм IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ журналистхэм ащыщхэр къедгъэблэгъэщтых.

***БРАНТIЭ Казбек.***

Очерк

# ИГЪОГУ ЗАНКIЭ,



Синыбджэгъоу, тыкъызэдэхъугъэу СтIашъу Майор гущыIэ фэбабэ фэстхынэу зытефэрэр бэшIагъэми, фетэум сыхэтызэ, Iэпэдэлэл сшIохъугъ. Зытефэу щытхъу къэзылэжьыгъэ цIыфым, сыкIэгъожьыгъэу, шъхьэихыгъэу игугъу къэсшIынэу тесыубытагъ. Къылэжьыгъэшъ, ащ блэкIыжьыгъэмэ псэкIодыгъэ. КъысаIокIыным хэкIыхи, нэиутэу къысфэзгъэпытагъэмэ ацIэкIэ непэрэ мафэм сыкъыфэкIуагъ. Ахэр адыгэ шъолъырым икъоджабэхэм адэсхэр, Мыекъуапэ щыпсэурэ цIыф цIэрыIохэр, гъэсэгъэшхохэр арых. Ахэм яшыхьат закъоп, сэри сипхъэе-псые хэлъ цIыф хьалэлым, гукIэгъушIым, зэфагъэ зыхэлъым игугъу шIукIэ къэсшIыным.

Тыгъэгъазэм и 12-м, 1942-рэ илъэсым Барсыбыикъо Юныс (ары гъобэкъуаехэр зэреджэхэрэр) иунагъо СтIашъу Майор къихъухьагъ. Унагъом ис сабыйхэр зэшыпхъуиплIырэ зэшитIурэ хъущтыгъэх. Ышнахьыжъэу Борисэрэ Майорырэ илъэсыбэ азыфагу иощтыгъэп, зэкIэлъыкIо хьазырыгъэх. Майор илъэсиим ихьэгъэ къодыягъ зэозапсэу, янэ ишIугъошхоу идунай зехъожьым. Сабыихыр зэкIэлъыкIохэу зэтезылъфэгъэ бзылъфыгъэм игъашIэ игъонэмысэу зеухым, ятэу СтIашъу Юныс псаугъэ. Ахэр зыпIунхэ бзылъфыгъэ ящыкIагъэти, а лъэхъаным зэрашIы хабзэу, шъхьэгъусэ къыщэжьыгъ. Ар Таусэмэ япхъоу Курэр арыгъэ. Зы пшъашъэ кIэсыгъ. Барсыбыикъо Юнысрэ Курэмрэ сабыищ зэдагъотыжьыгъ. СабыипшIыри Курэм зэдипIужьыгъ. Бырсыр къызпимыгъэкIэу, нахьыжъым къызщихыжьырэр нахьыкIэм щилъэжьызэ, бзылъфыгъэ Iушым зэхэдз афимышIэу лъэхъэнэ хьылъэм рищыгъэх. Чылэм щалъытэрэ Барсыбыикъо Юныси иIахь озымыгъэшхыщтхэм ащыщыгъ, кIэгъэкъонышхоу сабыйхэмкIэ шъхьэгъусэм иIагъ. Гомэ-лэмэ, нэфэрыIо гуихыгъэшъхьэихыгъэу псэущтыгъэ. Зэфагъэ зыхэлъ цIыфыгъ. Къытефэрэ IэнатIэхэр чылэм дэгъоу щигъэцакIэщтыгъэх. ИIофшIакIэ кIэхъу-кIэчъыгъэм зэрэпэчыжьэм фэшIыкIэ, къуаджэм щалъытэхэрэм ащыщыгъ.

Дэгъоу къэсэшIэжьы Тхьэркъохъо Гъэзэуат тадэжь къакIуи, Гъобэкъое еджапIэм чIэхьащтхэм сызэрахитхэгъагъэр. Майорырэ сэрырэ тызэгуагъэтIысхьи, апэ ит партым тыдагъэтIысхьэгъагъ, зэкIэми танахь цIыкIути. Зэоуж лъэхъаным къэхъугъэхэр афимыгъэкъоу 1942 — 1945-рэ илъэсхэм къэхъугъэхэр зэкIэ тызаугъоим, ерагъэу зы класс тырагъэкъугъагъ. Ар зыхъугъагъэр 1951-рэ илъэсыр ары. «ПервэныкъокIэ» къытаджэщтыгъэх, илъэс псаум ащ тызесым апэрэ классым тырагъэтIысхьажьыгъагъ.

Майор кIэлэ къопцIэ зэкIужь цIыкIоу, ышъхьац адыипцIэу, ынатIэ къытегъуалъхьэу, къамылым фэдэу кIыкIаеу, цэIупс зэпытэу чэфылэщтыгъ. Инэутхагъэкlэ илэгъухэм къыщанэщтыгъэп, ашъхьадифыщтыгъ. ИеджакIэкIи иIэжьлъэжьыгъэкIи зыдеджэхэрэм къахэщыщтыгъ. КIэлэ зэкIужь, гохь цIыкIоу, нэм кIапкIэу чаныгъ, жъымэ зэраIоу, лIы зэрэхэкIыщтыр къыхэщыщтыгъ. ЕджапIэм имызакъоу, зэрэхьаблэу, зэрэкъуаджэу закъыригъаштэу къэтэджыщтыгъ. БэмышIэу слъэгъугъэ синыбджэгъу иунэ илъ класснэ журналэу еджэгъур зыщедгъэжьэгъэ лъэхъаным тиIагъэм зэрэдэтхагъэмкIэ, СтIашъу Майор пэчIынатIэу зэреджэрэр къэзыгъэлъагъохэрэм зэкIэмэ тфыр апэ ит. Ащ фэдэу бэп тиклас исыгъэр. Классым имызакъоу, зэрэеджапIэу дэгъоу щеджэхэрэм Майор ащыщыгъ.

ЕджапIэм къыщыдэкIырэ дэпкъ гъэзетым игъэхьазырын чанэу хэлажьэщтыгъ. Текстхэр унэм, еджэным яхьылIагъэу ытхынхэу регъажьэ. Ахэр сэ сурэтхэмкIэ згъэкIэрэкIэжьыщтыгъэх. ЕджапIэм къыщытэджырэ Iофхэм зэкIэми агузэгу итэу синыбджэгъу хэлажьэщтыгъ. Уахътэр кIощтыгъ, пионерми, комсомолми Майор ахэтыгъ, ахэмкIи апэ итыгъ, иеджэни къыкIыригъэчыщтыгъэп. А лъэхъаным дзэм ащэхэрэр афигъэкъущтыгъэп, зэо ужым къэхъугъэхэр, кIысыжьым фэдэу зырызэу, чылэм дашыпыкIыщтыгъэх. ЯпшIэнэрэ классым тисэу Майор тхащи, Дзэ Плъыжьым ащагъ. Ракетыдзэхэм къулыкъур илъэсищрэ ащихьыгъ. КъызэрэкIожьэу зэпытхъыгъэгъэ мэфэ еджэным пидзэжьи, Гъобэкъое гурыт еджапIэр 1965-рэ илъэсым дэгъу дэдэу къыухыжьыгъ.

Сэнэхьатэу къыхихыщтым егупшысэжьынэу щытыгъэп — кIэлэегъэдадж. Ар ыгукIи ышъхьэкIи зиштэгъагъэр бэшIагъэ. ЩысэтехыпIэ фэхъугъэхэр лъытэныгъэшхо зыфишIхэу, ыгукIэ ыгъэшIорэ кIэлэегъаджэхэу, ящыIэныгъэ зэрэпсаоу кIэлэ пIун-гъэсэным языпхыгъэхэу Iэшъынэ Нухь, ГъукIэлI Мэджыд, Хъунэго Сэфэр, СтIашъу Нурыет (Уцужьыкъо ыпхъу).

1966-рэ илъэсым тфы закIэкIэ ушэтынхэр зетыхэм, дзэ къулыкъум зэрэщыIагъэми ишIуагъэ къекIи, пэрыохъу имыIэу АГПИ-м филологиемкIэ ифакультет иадыгэ отделение СтIашъур чIэхьагъ. 1971-рэ илъэсым къэралыгъо экзаменхэр тфищырэ зы плIыхьыжьагъэми, зэрэхэлажьэщтыгъэм институтым щыпидзэжьыгъэ къодыягъэп, зэмыблэжьэу зэреджэрэм къыщымыкIэу, общественнэ Iофхэу ыгъэцакIэщтыгъэхэмкIэ къызэкIакIощтыгъэп. Институтым икомсомольскэ бюро хэтыгъ. Адыгэ отделением икомсомольскэ организацие исекретарь игодзагъ, профкомым хэтыгъ. Адыгэ гъэзетыр къыдэзыгъэкIырэ кружокым иIофшIэн хэлажьэщтыгъ. Сыд фэдэрэ бгъукIэ укъекIолIагъэми, СтIашъур щысэтехыпIэ къодыягъэп, зыдеджэхэрэм къахэщэу, гу зылъымытэн умылъэкIыщт студент тегъэпсыхьэгъагъ. ШIэныгъэхэм афэблэрэ, адыгагъэр къызыгурыIорэ, намыс зыхэлъ кIэлэ лъэгъупхъагъ.

Дэгъу дэдэу зэреджагъэм, цIыф хэхьэкIэ-хэкIыкIэ зэришIэрэм, нэм кIапкIэу зэрэчаным ямызакъоу, Тхьэм къыхилъхьэгъэ цIыфышIуныгъэм гу лъатэгъахэу щытыгъ гъэсэгъэшхохэу езыгъаджэхэрэм. «Цу хъущтыр шкIэзэ къашIэ» зэраIуагъэр къагъэшъыпкъэжьыгъ шIэныгъэлэжьышхохэу Майор икIэлэегъаджэхэу Шъхьэлэхъо Абурэ ЗекIогъу Уцужьыкъорэ. АхэмкIэ нэфагъэ бзэшIэныгъэм СтIашъу Майор иIахьышхо хишIыхьан зэрилъэкIыщтыр ыкIи а Iофым ышъхьэшыгу къырахыгъ. Амалэу яIэмкIэ яшIуагъэ къызэрагъэкIощтыри аушъэфыгъэп. Апшъэрэ гъэсэнырэкIэ ытыхи, дипломыр къыгъэшъыпкъэжьыгъ.

1969 — 1971-рэ илъэсхэм Мыекъуапэ Iоф щысшIэщтыгъэ, синыбджэгъухэм бэрэ сахахьэщтыгъ, Майор иеджакIэ имызакъоу, факультетми, институтми яобщественнэ Iофхэм чанэу зэрахэлажьэрэр синэрылъэгъугъ. Дэгъу дэдэу зэреджэрэм къыушыхьатыщтыгъ исэнаущыгъэрэ игулъытэрэ зынэсыхэрэр, IупкIэу бзэихьэжьыгъэу шIэныгъэхэр пкъырыхьэхэти, щыщ шъыпкъэ хъужьыщтыгъэх. ТIо епIожьынэу щытыгъэп, кIалэмэ ялыем щхыпэ дахэр къызебэкIыкIэ, профессорхэу езыгъаджэхэрэми зыдеджэхэрэми къагурыIощтыгъ зишIэ шIэгъошIум икъоу зэрэпкъырыхьагъэр. ИцIыкIугъом къыздиштэгъэ, янэ къыдилъфыгъэ шэнэу зыпкъ итыныр, шIу ышIэныр еджэн лъэхъанэхэм къащылъэгъуагъ. Пэблэгъэ шъыпкъэу ныбджэгъубэ иIэ хъугъэ езыгъаджэхэрэми зыдеджэхэрэми ащыщхэу.

Гъобэкъое еджапIэм сыд фэдэрэ Iофтхьабзэ къыщыра-



# НАФЭ

гъэ дэгъу дэдэу зэригъотыгъэм кIыгъужьэу наукэшхом иIахьышIу хэзылъхьан зылъэкIыщт кIалэр апашъхьэ итыгъ. Шъыпкъэр къыозыIорэм ублэкIын плъэкIыщтэпти, ежьми адиштагъ.

1969-рэ илъэсым Майор псэогъу иIэ хъугъэ, ГъобэкъуаекIэ тигъунэгъухэу, тишъхьэпхъакIэхэр зэхэо зэраIоу, адыгагъэ зэрылъ унагъоу Бэчмызэкъо Шыумафэ ипшъэшъэ нахьыжъэу Уджыхъу Нурыет (Рае) синыбджэгъум къыщагъ. 1970-рэ илъэсым зэшъхьэгъусэ ныбжьыкIэхэм апэрэ шъаоу АзмэткIэ зэджагъэхэр къафэхъугъ.

1969-рэ илъэсым Урысыем и Къыблэ шъолъыр щырекIокIыгъэ студент зэнэкъокъум зыхэлажьэм, Чингиз Айтматовым итхылъэу «Прощай, Гульсары» еплъыкIэу Майор фыриIэм апэрэ чIыпIэр къыкIэкIуагъ.

1971-рэ илъэсым Къэзэныкъоежъым IофшIэныр щыригъэжьагъ, етIанэ Гъобэкъое гурыт еджапIэм, ахэм ауж къутырэу Шевченкэм дэт гурыт еджапIэм илъэс 25-рэ япэщагъ. 2005-рэ илъэсым ежь ишIоигъоныгъэкIэ IофшIэным къыIукIыжьыгъэу зегъэпсэфы.

Зэпымыоу къыкIаIотыкIыжьызэ, къыраIо зэпытзэ агъэрэхьатыщтыгъэп игъэпсыкIэ, иеджакIэ зынэ кIэкIыгъэ цIыфхэм бзэшIэныгъэм инаукэшхо зыритынымкIэ зэрэмыгужъуагъэр. Арэущтэу хъумэ, адыгэ лъэпкъым ибзэшIэныгъэ зэрэхигъэхъощтыр, а лъэныкъомкIэ шIуагъэ къызэрихьыщтыр нэфагъэми, ежь зэримыIоу щыIэныгъэр къыдэпсэугъ. Ишъхьэгъусэу чанэу мебелышI фирмэу «Зэкъошныгъэм» щылажьэрэм квартирэ тегъэпсыхьагъэ къызщыратыщт уахътэри чыжьэжьыгъэп, ау ышыпхъу нахьыкIэ цIыкIухэм къош гуфэбэныгъэр анигъэсэу ынаIэ атыригъэтын фаеу мэхъушъ, унэгъо ныбжьыкIэр Мыекъуапэ къыдэкIыжьы. Къуаджэр псэупIэкIэ хахы. Унэ ашIыгъ, хапIэ ашIагъ. Шъэо нахьыжъым джыри къыкIэлъыкIуагъ къо цIыкIоу АхьмэдкIэ зэджагъэхэр. ЕджэфэкIэ, унагъо ешIэфэкIэ шIоу, дахэу зыпкъырищагъэхэм ищыIэныгъэ амал къагъэиныгъэ къодыеп, адыгагъэм, лIыгъэм къахагъэхъуагъ. Ахэр янэ-ятэхэм япIуныгъэ гъусэ зыфэхъужьхэм зэхишIагъэу къагъэгушхуагъ. Нахьыпэм къин къыфэхъущтыгъэ Iофхэр пкIантIэ къемыхэу зэшIуихынхэм тырагъэгушхуагъ. ШIошъхъуныгъэшхо къыхалъхьагъ. Аспирантурэм ычIыпIэ щыIэныгъэр иуцуагъ, кандидатскэ диссертацием итемэ хьазырэу иIагъэми, докторскэри ащ къызэрэкIэлъыкIощтыр нэфагъэми. Ау наукэшхом ычIыпIэ къошхэр ыпэ зышIыгъэхэ Майор джы уахътэмкIэ къылъыIэсыгъагъ шIоу цIыфхэм къыфашIагъэм, зэрапIугъэм къыригъэгъэзэжьыныр. КIэлэпIуным, егъэджэным емыхъырэхъышэжьэу ыгузэгу шъыпкъэм иуцуагъ.

Синыбджэгъум дэжь, иIофшIапIэ, бэрэ сыкIоу хъущтыгъэ, ащ пай къалъфыгъэу къысщыхъущтыгъэ, емызэщэу, зыгъэпсэф имыIэу ыгуи ыпси хилъхьэщтыгъ. КIалэзэ къыздиштэгъэ шэнышIухэр чIинэщтыгъэхэп, ахигъахъощтыгъэ нахь. ЕджапIэм цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафыбэу щеджэхэрэм ямызакъоу, Iоф щызышIэхэрэри лъэпкъыбэхэм ащыщыгъэх. Ахэм зэкIэми бзэ къафигъотыщтыгъ, зыкъаригъаштэщтыгъ, къызэрэуатын щыIагъэп: «Наш СташкIэ» къеджэщтыгъэх, ищыкIагъэ хъумэ, Юнусовичыр къыпагъэхъожьыщтыгъ. Синыбджэгъум шъхьэкIэфэныгъэу фашIырэр сигопэшхощтыгъ. Гъэсэныгъэмрэ цIыфыгъэмрэ ямызэщэу цIыкIуи ини ахигуащэщтыгъ. Ар зыщыхъущтыгъэр къутыр закъор арэп, къуаджэри ары.

Гъобэкъое гурыт еджапIэм щызэдеджэгъэ зэлэгъу купым СтIашъу Майор шъхьэкIэфэшхо фэтэшIы, къылэжьыгъэ шъыпкъэшъ. Ащ изакъоп, институтым къыщыдеджагъэхэми а чIыпIэ дэгъур къыфагъэшъуашэ, а дэдэмкIэ ежьыри апэгъокIы. Къуаджэри джащ фэд, хьадагъэмэ, апэ ит, орэикъоджэгъу, орэиныбджэгъу. Мыекъуапэ зыщыдеджагъэхэмкIи мыпшъыжь, мышъхьахыжь. Гъобэкъуае щыщэу гурыт еджапIэм къыщыдеджэгъэ тиныбджэгъоу Iэшъынэ Юныс (Сэфэркъо Юр) ыкъош лъапIэм ычIыпIэу ыгъэтIылъыжьыгъ. Iулъхьэр тIу зыдишIыщтыгъэу Щыгъущэ Хьаджэбыеу Блащэпсынэ щигъэтIылъыгъэм зэридзагъ къыфыригъашIэу.

Ыгу хьалэл мыпшъыжьэу цIыфхэм къафекIокIы. Хэти Iае фиIуагъэу, нэчапэкIэ фычIэплъыгъэу, хъэтэпэмыхь фишIыгъэу къасшIэрэп ыкIи слъэгъугъэп. Зыгуи зынапи щхырэм ащ фэдэ шэн елъэгъулIэгъуай.

Ишъхьэгъусэу Нурыети кIэлэегъаджэу илъэс 35-рэ Iоф ышIагъ. Зэшъхьэгъусэхэр зэрэзэсэнэхьатэгъухэм изакъоп, якIали яныси джа дэдэр яIофшIэн. Зэрэунагъоу яакъыли яамали зэхэлъ, зым адрэр иунэ кIэсэн. Апэрэ мафэу зэшъхьэгъусэ зыщыхъугъэхэм щырагъажьи, зэдагъэшIагъэм зэдырагъэштагъ. Къо нахьыжъыри ишъхьэгъуси кIэлэегъаджэхэми, анахьыкIэм адиштагъэп, псэолъэшIыныр къыхихыгъ. Майор ышыпхъуитIуи кIэлэегъэджэ сэнэхьатым зыфагъэзагъ.

СтIашъур Адыгэ Республикэм идиректорхэм ясовет хэтыгъ. Кубань икIэлэегъэджэ зэфэс иделегатыгъ. Адыгэ Республикэм и Парламент и Щытхъу тхылъ къыфагъэшъошагъ. Урысыем ыкIи Адыгеим гъэсэныгъэмрэ наукэмрэкIэ яминистерствэхэм ящытхъу тхылъхэр, нэмыкIыбэхэри иIэх. Партием исатырэхэм 1983-рэ илъэсым щегъэжьагъэу ахэтыгъ.

— Наукэшхом игъогу утезыгъэхьан зылъэкIыщт амалхэр IэкIыб пшIыхи, сэнэхьатэу кIэлэпIуным зызэрептыгъэм уигъэшIэ насып хэбгъотагъа? — сеупчIы синыбджэгъу.

— Сырыраз, — гушIом ыхьэу джэуап жъынч къысетыжьы илъэс 50-м къехъужьыгъэу зэмыкIокIыжьын гуфэбэныгъэ къысфызиIэ ныбджэгъу хьалэлым.

ЗэдэкIэлэгъэ купымкIэ тызэIокIэ мымакIэу. ЩыIэныгъэм ыгъэшIогъэ хьатэ тхэмытми, къэнагъэхэмкIэ кIэлэгъу шIулъэгъур чIэтынэрэп.

Щыгъупшагъэ фетэуныгъэкIэ тфэхъумэ, тыгу къэзыгъэкIыжьырэмэ СтIашъу Майор апэ ит. Сэмэркъэу бэрэчэтныгъэр ыпэ итэу мэпсэу. Ныбджэгъум ишъхьэгъусэ имэфэкI зыщыхигъэунэфыкIыщт мафэм тефэу бэлагъэу иIэрышIыр къыфехьы. Адрэ ныбджэгъум ицIыкIугъом икIэсэгъэ джэнэ дахэу фэмыщэфыщтыгъэр емызэщыжьэу къыфещэфы. Шъхьэзакъоу къэнагъэми, ушъхьагъуишъэ фишIызэ, шхын кIэщыгъохэр фыIуещэх. Ежь щыкIагъэу иIэхэр цIыф фиIуатэхэрэп, шъхьэгъусэ закъор ахэм ащыгъуаз. иIахьыл гупсэхэри ыгу икIыхэрэп, мыпшъыжь-еужьырэу анэсы.

ЦIыфыгъэкIэ Тхьэр зэшIушIагъэр къелыжьэу мэгуащэ. Ихьатыр ымылъэгъоу зи хинахэрэп. Икъоу къызэхашIэ аущтэу зыдэпсэуухэрэм, фэдэкъабзэу къыпэгъокIыжьых. КъасшIэрэп зыгорэм гу чъыIэ къыфишIыгъэу, ицIыфыгъэ къырагъэгъэзэжьы сэмэркъэу шъуашэм илъэу.

СырихьылIэгъагъ Майор ишъхьэгъусэ хатэм натрыф щыдыхилъхьэу. Нурыет иабэнэ хэутыгъакIэ натрыфыцэр ридзэти, тырихъожьыщтыгъ синыбджэгъу. Къэзанэкъо Джэбагъэ шъузым бжьын дигъэтIысзэ пщитIур зырехьылIэм, къариIогъагъэр сыгу къыгъэкIыжьыгъ:

— Iоф зэхэдз къэзгъэшIагъэм сиIагъэп, сиамал къыхьырэр згъэцэкIагъэ ренэу. Непэ бжьын дэсэгъэтIысхьэ шъузым, джарышъ сиамалыр.

Джащ фэд, СтIашъу Майор къыгъэшIагъэм рыкIэгъожьынэу Iоф ышIагъэп, ыгу ыштэрэ гъогум тетыгъ, къызэплъэкIыжьыгъэми, IонтIэ-щантIэ хилъагъорэп. Джы къызнэсыгъэми игъогу занкIэ, нафэ.

***КЪАТ Теуцожь.
Урысые Федерацием ижурналистхэм ыкIи итхакIохэм ясоюзхэм ахэт.***



Сурэтхэм арытхэр: **СтIашъу Майор; СтIашъу Майор истудентыгъор** (ежьыр сэмэгумкIэ ятIонэрэу щыт); **СтIашъу Майор Iоф зыдишIагъэхэм ыкIи икъоджэгъухэм ахэт** (джабгъумкIэ апэрэ).

# Адыгэ пщынэо цIэрыIоу

# Хьагъэудж Мыхьамэт

**«Зыфэдэ къэмыхъугъэ черкес музыкантэу, пщынаоу, импровизатор IэпэIасэу Хьагъэудж Мыхьамэт итворчествэ къалэу Ермэлхьаблэ епхыгъ, ежьыри ащ бэрэ щыпсэугъ. Кавказ мэкъамэхэр, орэдхэр, къашъохэр я XX-рэ лIэшIэгъум икъихьагъухэм адэжь зыщыжъынчыщтыгъэ къэлэ пчыхьэзэхэхьэ чэфхэу цIыфхэм ащымыгъупшэжьыщтыгъэхэм язэхэщэкIуагъэхэм, чанэу ахэлажьэщтыгъэхэм ар зэу ащыщ...**

**Мыхьамэт ипщынэуакIэрэ иорэдхэмрэ яхьатыркIэ адыгэ лъэпкъ мэкъамэхэр Европэм щыпсэухэрэм алъыIэсыгъэх ыкIи зэлъашIагъэх».**



**КЪАЛЭУ** Ермэлхьаблэ хэхъоныгъэхэр ышIынхэмкIэ ыкIи ыцIэ гъэIугъэнымкIэ зишIуагъэ къэкIогъэ цIыф гъэшIуагъэхэм апае къэлэ гупчэм аллее щагъэпсыгъ. Ащ ыбгъукIэ зисурэт къытырагъэуцуагъэхэм адыгэлI дэхэшхоу Хьагъэуджым ыцIэ зыкIэтхагъэр ахэт. Сурэтым ычIэгъкIэ мы тхыгъэр къызэредгъэжьэгъэ гущыIэхэр кIэтхагъэх.

Адыгэ пщынэо цIэрыIоу, адыгэ джэгухэм язэхэщэкIо Iазэу Хьагъэудж Мыхьамэт ыцIэ зэрэ Темыр Кавказэу щашIэщтыгъ ыкIи щагъэлъапIэщтыгъ. ЦIыфхэр нахьыбэмкIэ ыцIэкIэ ащ еджэщтыгъэхэп, «Хьагъэуджыр» раIощтыгъ. ЗышIэщтыгъэ пстэуми ар зыпшъэ умыкIожьын пщынэо Iазэу, хьатыякIоу ыкIи зэхэщакIоу агу къинэжьыгъ. Ежь нэмыкI горэм пае «Хьагъэуджым фэдэу пщынэм къырегъаIо» заIокIэ, зэкIэмэ анахь щытхъушхоу ар алъытэщтыгъ.

**МЫХЬАМЭТ** цIыкIузэ ятэу Бирам ишыкIэпщынэ къыригъаIоу зигъэсэгъагъ. Ар гъэшIуагъэу хьакIэщ дэпкъым пылъэгъагъ, ятэ иныбджэгъу-шъэогъухэр ядэжь къызыкIохэкIэ, шыкIэпщынэм къафыригъаIощтыгъ, орэдыжъхэр, гъыбзэхэр, сэмэркъэу орэдхэр къызэрэзэдаIощтыгъэхэр шъэожъыем зэхихыщтыгъэ.

Мыхьамэт иунагъо бэрэ хэсынэу хъугъэп. Илъэс 12 нахь ыныбжьыгъэп зыщыпсэущтыгъэхэ къуаджэу Натырбые къабгыни Тыркуем зэкощыжьыхэм, ау ежьыр къакIэрызыгъагъ. Бэ къинэу ылъэгъугъэр. Абдзахэхэм, черкесхэм, къэбэртаехэм, нэгъойхэм ахахьэщтыгъ, адэпсэоу хъущтыгъ. Тыдэ кIуагъэми, Iоф ышIагъ, ишIуагъэ къыгъэкIуагъ. Зыхахьэхэрэм яорэдхэмрэ ямэкъамэхэмрэ нэIуасэ зафишIыщтыгъ. Адыгэ лъэпкъ зэфэшъхьафхэм ягущыIакIэ дэгъоу зэригъэшIэгъагъ, урысыбзэми фэIазэ хъугъагъэ.

Хьагъэуджыр иныбжьыкIэгъум Ермэлхьаблэ дэсыгъ, черкес-гай (адыгэ ермэл) бай горэм итучантесыгъ. КIалэм шъыпкъагъэ зэрэхэлъыр ыкIи зэримыгъапцIэрэр къызыгурыIогъэ бысымым тучаныр Мыхьамэт къыфигъанэти, ежьыр товарыщэ кIощтыгъ.

Зэгорэм ащ пщынэ къыщэфи, Мыхьамэт къыфыздищэгъагъ. Охътабэ темыкIэу пщынэм къыригъаIоу кIалэм зигъэсэгъагъ, адыгэ мэкъамэхэр, къэшъо орэдхэр фэчэфэу къыригъэкIыщтыгъэх. ИIэпэIэсагъэ псынкIэу хэхъуагъ.

**ЗЭПЫРИГЪАЗЭМЭ,** зэригъэзэкIызэ, чыжьэу ышъхьагъкIэ ыIэтымэ, чIыгум нэсэу къырихьыхыжьызэ, Iэпэ закъокIэ къыригъаIощтыгъ, Мыхьамэт пщынэр «къыгъэгущыIэщтыгъ», ар цIыфхэм ашIогъэшIэгъоныгъ, ыгъатхъэщтыгъэх. Адыгэ орэдыжъхэу «Си Мэмэт», «ХьапакIэ иорэд», «Сипакъ», нэмыкIхэри пщынэм къыдиIощтыгъэх.

Хьагъэуджыр нэужым, Ермэлхьаблэ шъоущыгъушI заводымрэ мэшIоку гъогумрэ щашIыхэ зэхъум, дэгъоу ащылэжьагъ. ЕтIанэ къыщагъ, къуаджэу Кощхьаблэ псэупIэкIэ къыхихыгъ, къылэжьыгъэ ахъщэмкIэ унэу аригъэшIыгъэм ышъхьэ гъучIкIэ аригъэбгъагъ. Ишъхьэгъусэу Амыдэрэ ежьымрэ зэгурыIохэу ыкIи насыпышIохэу псэущтыгъэх. Сабыйхэр бэу къафэхъугъэх, ау ахэм ащыщэу псаоу къэнэгъагъэр кIэлищ. Амыдэ илъэси 111-рэ ыгъэшIагъэу дунаим ехыжьыгъ.

Адыгэхэм пщынэр къахэзыхьагъэр Хьагъэуджыр ары пIомэ, ухэукъощтэп. Ар цIыфхэм псынкIэу агу рихьыгъ ыкIи шIу алъэгъугъ. ШыкIэпщынэм, къамылыбжъэм, нэмыкI Iэмэ-псымэхэм апэ рагъэшъэу хъугъэ.

Мыхьамэт къуаджэм дэсыгъэми, Ермэлхьаблэ бэрэ рагъэблагъэщтыгъ. ЦIыфзэхахьэу зэхащэхэрэм ренэу ахэлажьэщтыгъ. Джащ фэдэу къалэм къыпэблэгъэ адыгэ къуаджэхэу Къургъокъуае, Къэнэкъом, Шъхьащэфыжь тхьамафэрэ, нахьыбэри шIу зылъэгъурэ чылэдэсхэм ахэсэу хъущтыгъ. Непи а къуаджэхэм ащыпсэурэ нахьыжъхэм ащыгъупшэрэп. Пщынэр зикIэсэ цIыфхэм Хьагъэуджым фэдэу пщынэм къеонхэу зызэрагъасэщтыгъэр агу къэкIыжьы.

**АЩЫГЪУМ** Хьагъэуджым зэхищэгъэгъэ музыкальнэ ансамблэу илъэсыбэ хъугъэу пэщэныгъэ зыдызэрихьэщтыгъэм хэтыгъэх Кощхьаблэ щыщэу, хьатыякIоу Агъырджэнэкъо ТIасрэ (Сахьид ыцIэ шъыпкъэр) Джыракъые щыщэу, пхъэкIычаоу Байкъул Абасрэ. ТIас пчыхьэзэхахьэхэр, джэгухэр зэрищэщтыгъэх, цIыфхэр ыгъэчэфынхэм фэIэзагъ. ШIу алъэгъуущтыгъ, ыIорэм едэIущтыгъэх. ИIэпэIэсагъэрэ итеплъэ дахэрэ, жэбзэ къабзэу Iулъыр ягъусэжьэу, уасэ афашIыщтыгъ.

Абас жьы кIэтэу, тегъэпсыхьагъэу, пхъэкIычыр ыгъэжъынчызэ пчэгум къызилъадэкIэ, къашъохэрэми, яплъыхэрэми агухэр къыгъэчэфыщтыгъэх. «Iэгур, Iэгур! О-уи-уиу, мардж!» ыIозэ, Абас къызахэкуокIэ, пщынэри нахь къэпсынкIагъэу, хьатыякIоми иIоф ригъэхъугъэу, къэшъуакIохэми яшъыпкъагъэ рахьылIагъэу къыпшIошIыщтыгъ. Ащ фэдэ джэгухэр ащымыгъупшэжьхэу цIыфхэм бэрэ агу илъыщтыгъэх.

**ХЬАГЪЭУДЖЫР** лIышхуагъэ, илъэгагъэкIэ метритIум кIахьэщтыгъ. Шыоу зекIоныр къызэрехьылъэкIырэм фэшI линейкэм исэу къыкIухьэщтыгъ. ГупыкI иIэу, мылъку зимыIэм IэпыIэгъу фэхъоу щытыгъ. Пщынаоу зипщынэ къутагъэм ипщынэ ритын, джэгум къекIолIагъэхэм къахэкIыгъэ ахъщэр бысымэу зигъот макIэм къыфигъэнэжьын ылъэкIыщтыгъ.

Мыхьамэт зэхищэгъэгъэ народнэ ансамблэм къалэхэу Ростов-на-Дону, Ставрополь, Краснодар, Кисловодскэ, Ермэлхьаблэ, ТIуапсэ, Шъачэ ыкIи Адыгеимрэ Шапсыгъэрэ арыт адыгэ къуаджэхэр къакIухьэхэзэ, нысэищ джэгухэр афагъэджэгущтыгъэ, бэрэ цIыфхэм заIуагъакIэщтыгъ, агъэчэфыщтыгъэх.

Я XX-рэ лIэшIэгъум ия 20-рэ илъэсхэм Ермэлхьаблэ нахьыжъхэм якъэлэ Совет епхыгъэу общественнэ организациеу «КъулыкъушIэхэм язэхэсыгъу» зыфиIорэр щызэхащэгъагъ. Ащ къалэм лъэпкъ зэхахьэхэр щызэхищэщтыгъэх, ахэм «Черкес», «Черкес-къэбэртэе» е «Кавказ пчыхьэзэхахьэкIэ» яджэщтыгъэх. А лъэхъаным Ермэлхьаблэ нахьыбэу дэсыгъэхэр черкес-гайхэмрэ ермэлхэмрэ. Ахэм адыгацIэхэр ахьыщтыгъ, лъэпкъ щыгъынхэр ащыгъыгъэх, адыгабзэр дэгъоу ашIэщтыгъ, адыгэ орэдхэр якIэсагъ, адыгэ къашъохэр къашIыщтыгъэх. Адыгэ къуаджэхэм ащыпсэурэ адыгэхэмрэ черкес-гайхэмрэ зэрэшIэщтыгъэх ыкIи зэIукIэщтыгъэх.

Илъэс къэс зытфэ-зыхэ пчыхьэзэхахьэхэр къалэм щызэхащэщтыгъэх. ПэшIорыгъэшъэу къашъохэр къызщашIыщтунэхэр арагъэгъэкIэракIэщтыгъ, шхапIэ къызэIуахыщтыгъ. Анахь къэшъуакIохэр къыхэзыхыщтхэр нахьыжъхэм ащыщэу агъэнафэщтыгъэх. Пщынаохэр къыхахыщтыгъ, шIухьафтынхэр агъэхьазырыщтыгъ.

Хьагъэуджым макъэ рагъэIути, Байкъулэр игъусэу, линейкэм исхэу, пщынэр зэкIищызэ къалэм къыдахьэщтыгъ. Къэшъо мэкъамэхэр зикIэсэ цIыфхэр, ящагухэм къадэкIыхэти, къапэгъокIыщтыгъэх, адыгэ къашъохэр гъогум къыщашIыщтыгъэх. Пчыхьэзэхахьэр зыщыIэщтым фэгъэхьыгъэ мэкъэгъэIухэр къэлэ гъэзетэу «Отклики Кавказа» зыцIагъэм цIыфхэм зэрашIэнэу къырагъахьэщтыгъэх. А лъэхъаным Хьагъэуджыр цIыф жъугъэхэм анахьышIу алъэгъурэ пщынэо IэпэIасэу щытыгъ, ежьыми пщынэр зэрилъэкIэу зэкIищымэ, «рыджэгузэ» цIыфхэм къафыригъаIощтыгъ.

**1911-рэ ИЛЪЭСЫМ** инджылыз фирмэу «Граммофон» зыфиIорэм иагентэу Эдмонд Пирс къалэу Армавир къэкIогъагъ ыкIи черкес музыкантхэу Хьагъэудж Мыхьамэт, Беданэкъо Шъалихьэ, Нэгъой Иляс япщынэ макъэхэр тыритхэгъагъэх. ИлъэситIу тешIагъэу етIани къызэкIом, Хьагъэудж закъор ары зызыIуигъэкIэгъагъэр. Мыхьамэт пщынэм къыригъаIозэ, мэкъэмэ зэфэшъхьаф 42-рэ тыратхэгъагъ, ахэм ащыщыгъэх «СултIан вальсыр», «Черкес къашъор», «Къэбэртэе орэдыр», «Къэрэкъамылыр», «Чэбэхъан», «Ислъамыер», нэмыкIхэри.

Адыгэ къэралыгъо университетым ипрофессорэу, Урысыем икомпозиторхэм я Союз хэтэу, искусствоведэу Алла Николаевна Соколовам зэригъэунэфыгъэмкIэ, Хьагъэуджым иорэдхэр тетэу Лондон пластинкэ 44-рэ, Москва — 20, Адыгеим и Лъэпкъ музей — 10 ащаIыгъых. («Магомет Хагаудж и адыгская гармоника», Майкоп, 2000 г., А.Н. Соколова). Ау Хьагъэуджым ышъхьэкIэ зэхилъхьэгъэгъэ орэдхэмрэ мэкъамэхэмрэ фирмэу «Граммофоным» тыритхэнэу хъугъагъэп, ащ ушъхьагъоу фэхъугъэри къэшIэгъуае. Арэу щытми, орэдхэм, къэшъо орэдхэм ацIэхэм ахэр Мыхьамэт зэриусыгъэхэр ыкIи зэриехэр къахэщы — «Хьагъэуджым иорэд», «Хьагъэуджым изэфакIу». «Хьакулащэмрэ» «Джыракъые зэфакIомрэ» Хьагъэуджым зэхилъхьагъэхэу аIо. А. Соколовам етхы: «Аужырэ орэдитIур урыс орэдхэм, мэкъамэхэм атехыгъэу зыIохэрэр щыIэх. «Хьакулащэр» «Коробейники» иорэдышъо фэдэу зэхэлъэу, «Джыракъые зэфакIом» «Амурские волны» угу къыгъэкIэу гъэпсыгъэу къаIо.

Арэущтэу хъугъэ шъыпкъэми, ар бгъэшIэгъонэу щытэп, сыда пIомэ культуритIум яфэмэ-бжьымэхэр композиторхэм ятворчествэ щызэутэкIыхэзэ, зэтехьэхэу хъущтыгъэ. М.А. Балакиревым, И.И. Танеевым, нэмыкIхэми япроизведениехэм черкес мэкъамэхэр зэращагъэфедэщтыгъэхэр ащкIэ щысэу къэпхьын плъэкIыщт.

Хьагъэудж Мыхьамэт къалэу Краснодар черкес интеллигенцием щызэхищэщтыгъэхэ зыкъэгъэлъэгъонхэм, театральнэ сценкэхэм, пчыхьэзэхахьэхэм ахэлажьэщтыгъэуи уезыгъэгупшысэрэр ахэм къякIолIэрэ ныбжьыкIэхэм лъэпкъ шъуашэхэр ащыгъхэу джэгухэм зэрахэлажьэщтыгъэхэр ары.

**ИЛЪЭСХЭР** текIыгъэх. Урысыем революцием щытекIуагъ. Граждан заор адыгэхэми, Пшызэ шъолъыри къанэсыгъагъ. 1918-рэ илъэсым Iоныгъом и 25-р бысльымэн мэфэкIэу Бирамым иятIонэрэ мафэ тефэгъагъ.

Хьагъэуджыр Джыракъые щыIагъ а мафэм, Къайтмэсхэм яджэгу ыгъэджэгущтыгъ. Къэбарэу къыраIуагъэм зэридзагъэ — икъуаджэ Дзэ Плъыжьым ичастьхэр къыдэхьагъэхэу цIыфхэр ахъункIэх, аукIыгъэхэри щыIэх. Мыхьамэт бысымым ику къыIихи, псынкIэу Кощхьаблэ къынэсыгъ, ылъэгъугъэм къыгъэтхытхыгъ — къоджэдэсхэм ащыщэу купышхо къыдафыгъэу аукIынхэу красноармейцэхэм афыщтыгъэх.

Кощхьаблэ щыщэу зыныбжь хэкIотэгъэ Ордэкъо Заурбый («Адыгэ макъ», 1991-рэ илъ.) ыгу къызэрэкIыжьыщтыгъэмкIэ, Хьагъэуджым икъоджэгъухэр къышIэжьыгъэх ыкIи зыдафыхэрэмкIэ яупчIыгъ. Ахэм къыраIуагъ къэбар шъыпкъэри, къуаджэм зэолIхэр жъалымэу зэрэщызекIуагъэхэри.

Егъэзыгъэ купым шъэожъые Iэтахъо ахэтэу Мыхьамэт зелъэгъум, ар псаоу къыгъэнэщтэу ыIуи, ыIапэ къыубыти, цIыфхэм къахищыгъ. Ар зылъэгъугъэ красноармейцэр сэшхо ыIыгъэу Хьагъэуджым къытебэнагъ, ау зи къыдэхъугъэп — сэшхо къихыгъэр зэолIым IэкIиутыгъ. Ащ зэкIигъэплъыхьагъэу ыкIи губжыгъаеу зэолIым шхончыр къыпхъуати, Хьагъэуджым къытыриубыти, занкIэу къеуагъ, ыпсэ хихыгъ.

Ащ ыуж бэ тырамыгъашIэу чылэм къыдащыгъэхэр зэкIэ аукIыгъэх, мэшэшхо атIи, хьадэхэр ратэкъуагъэх. А чIыпIэм дэжь бэшIагъэп «Жертвам красного террора, 1918г.» ыIоу зытетхэгъэ шIэжь мыжъор загъэуцугъэр.

**КЪЫЗЫЩЫХЪУГЪЭ** къуаджэу Кощхьаблэ Хьагъэуджыр щащыгъупшэрэп, искусствэхэмкIэ кIэлэцIыкIу еджапIэу ащ дэтым ыцIэ фаусыгъ, унэу ар зычIэтым Мыхьамэт исурэт (ибарельеф) тырашIыхьагъ. Илъэс заулэ хъугъэу искусствэхэмкIэ еджапIэм Хьагъэудж Мыхьамэт ищыIэкIэ-псэукIэ къэзыIотэрэ сурэтхэр, иунагъокIэ, ышъхьэкIэ агъэфедэщтыгъэ пкъыгъохэр къаугъоижьыхэзэ, ащ ыцIэкIэ музей щызэхащагъ.

Хьагъэуджым ипхъорэлъфхэм, икъорылъфхэм, ахэм къахэкIыжьыгъэхэм зэрагъэунэфыгъэмкIэ, Мыхьамэт 1870-рэ илъэсым къэхъугъ. Илъэс 48-рэ нахь зыфэдэ къэмыхъугъэ пщынэо Iазэм ыгъэшIагъэп!

Хьагъэудж лъэпкъыр лъэпкъышху, непэ ар зэрэщытэу къуаджэу Кощхьаблэ (Кощхьэблэ район) щэпсэу.

Мыхьамэт къызхэкIыгъэ лъэпкъым щыгъупшэщтэп. Ежь-ежьырэу пщынэуакIэ зэзыгъэшIагъэу, пщынэо IэпэIэсэ дэдэу ыкIи цIыфхэр зыгъэдэIон, зэхэзыщэн зылъэкIыщтыгъэ цIыф цIэрыIор лъэпкъ тарихъым хатхагъ, егъашIэм агу илъыщт.

**АУЖЫРЭ** лъэхъаным тиныбжьыкIэхэр лъэпкъым къырыкIуагъэм, ялIакъохэм яхъишъэ, орэдыжъхэм, адыгэ къашъохэм нахь апылъхэу, зэрагъашIэ ашIоигъоу зэрэхъугъэхэм уегъэгушIо. Хьагъэуджым итворчествэ зышIогъэшIэгъонхэри ахэм ахэтых. Арышъ, ащ имэкъамэхэу атхыгъагъэхэр, Мыхьамэт ипщынэкъегъэIуакIэ цIыфхэм зэхахын зэралъэкIынэу тетхагъэу щыIэхэм Iоф адэшIэгъэн фае. Тызыхэт уахътэм щагъэфедэрэ аппаратурэхэмкIэ ахэр уукъэбзыжьыхэмэ, макъэр бгъэкIэжьымэ, пщынэо IэпэIасэм ипщынэ макъэ зыфэдэгъэ шъыпкъэр джыри хэти зэхихын ылъэкIыщт. Ар еджакIохэми, студентхэми, адыгэ пстэуми ашIогъэшIэгъоныщт.

***ДЕЛЭКЪО (ХЬАГЪУР) Фатим.***

Мыекъуапэ.

# ЩЭРДЖЭСХЭМ (АДЫГЭХЭМ) ЯТАРИХЪ КIЭКI

Черкесмэ атэпIашъэмэ яхьылIэгъэ апэрэ къэбархэр ижъырэ урым авторхэм (тхакIохэм) къащежьэх. Непэ черкесмэ ятарихъ IапIэ икIэрыкIэ шъыпкъэу бгъэпсыжьын зэрэплъэкIыщт закъор лъэпкъшIэныгъэр (этнологиер), археологиер ыкIи лъэпкъ IорыIуатэр IэпыIэгъу пшIыхэзэ ары, Мыекъопэ культурэкIэ заджэхэу тиэрэ ыпэкIэ илъэс 3000-кIэ узэкIэIэбэжьымэ щыIагъэр зыгъэпсыгъэхэр джырэ черкесмэ ятэпIашъэхэр арэу алъытэ. Н.И. Веселовскэм къычIитIыкIыгъэхэм яшIуагъэкIэ мы культурэр апэрэу дунаим 1897-рэ илъэсым щызэлъашIагъ. «Мыекъопэ Iуашъхьэм» зыфэдэ амылъэгъугъэ ибаиныгъэ Темыр Кавказым ицIыф лъэпкъхэм ящэнэрэ илъэс минхэм якультурэ зынэсырэу къащыхэущтыгъэр зэрихьокIыпагъ, мы культурэу Тамань хыгъэхъунэныкъом къыщыублагъэу Дагъыстан нэсыжьэу къызэлъызыубытыщтыгъэр «МыекъуапэкIэ» зэрагъэунэфыгъэр (зэреджагъэхэр) ау сыдми зэрэмышIэ IофкIэ хъугъэп.

Археолог цIэрыIоу Александр Лесковым черкесмэ яижъырэ чIыналъэ Iошъхьэ пчъагъэ щаригъэтIыгъ. Ащ илэжьыгъэ хэутыгъэхэу нэмыцыбзэкIэ къыдэкIыгъэхэм зэращитхырэмкIэ, «Ижъырэ Пшызэ идышъэхэр ыкIи иискусствэ иIэшIагъэхэр» зыцIэ къэгъэлъэгъон тегъэпсыхьагъэу 1989-рэ илъэсым щыIагъ мазэ Мангейм и Рейс-Музей къыщызэIуахыгъагъэм ыкIи анахьэу итхылъэу «Адыгэ Iуашъхьэхэм ядышъэкIэнхэр» зыфиIорэм (Munchen, 1990), А. Лесковыр ащехъырэхьышэрэп мы культурэр зезыхьыщтыгъэхэр черкесмэ зэрятэпIашъэхэм. Хьэдэ гъэтIылъыкIэхэмрэ IэшIагъэхэмрэ а зэпхыныгъэр къаушыхьаты. Ащ мырэущтэу етхы: «МыотIхэм анэмыкIэу Страбон синдхэу хыгъэхъунэныкъоу Тамань, Пшызэ ыхэкIэ щыпсэущтыгъэхэм ягугъу къешIы. Джащ фэдэу адыгэ лъэпкъыжъхэу (Псесс) псысхэу ыкIи (Тхатер) фатэйхэу Пшызэ ышъхьэкIэ щыпсэущтыгъэхэми къатегущыIэ. Ахэм ячIыналъэ, узэрыщыгъын плъэкIыщтымкIэ, Пшызэ ыгуэгуи хахьэщтыгъэ ыкIи псыхъоу Лабэ нэсыщтыгъэ — тэ чIыетIэнхэр зыщедгъэкIокIыщтыгъэхэ гъунэм нэс. Археологием къытырэ пкъыгъохэм къаушыхьаты мыхэр зы цIыф лъэпкъ зэрэщыщхэр. Археологхэмрэ бзэшIэныгъэлэжьхэмрэ мыхэр иберийскэ-кавказскэ бзэ купым халъытэх ыкIи мы лъэпкъхэм джырэ адыгэхэм, черкесхэм ыкIи къэбэртаехэм ятэпIашъэхэу яплъых» (Leskov, A., 1990, н. 22).

Я XVII-рэ лIэшIэгъум нэс черкесхэр джырэ Кавказым и Темыр-КъохьапIэрэ ХышIуцIэ Iушъомрэ ячIынэлъэ закъохэп зыщыпсэущтыгъэхэр. МыотI хыIушъом къыщегъэжьагъэу джырэ Таганрог нэсыжьэу, енэгуягъо джащ фэдэу Къырым хыгъэхъунэныкъом ячIыналъэ нэсыщтыгъэкIэ.

ГущыIэу «меотыр» мыотIхэр ары къызтекIыгъэр (Sarkisyanz, E., 1961, н. 100).

БзэшIэныгъэлэжьэу зиусхьанэу Ю. Кноблох итхылъэу «Гомер илIыхъужъхэр, чырыстан шыихъхэр ыкIи Кавказ нарт эпосыр» зыфиIорэм (Хайдельберг, 1991) игугъу къыщешIы джырэ ХышIуцIэ Iушъом къыщагъотыгъэгъэ мыжъо упсыкъагъэмэ язырэм урым литерхэмкIэ щыхэутыгъэ гущыIэу «Mecytheos» зыфиIорэм. Зытет шъыпкъэмкIэ, черкесыбзэмкIэ ар къызэрипхырэр Мэзым итхь (Мэзытхь). Mesitha дышъэшъо мэзыкъом тесэу зекIощтыгъэ. Ащ иунашъокIэ шъыхьэхэмрэ бжъэухэмрэ мэзым щызэхиугъуаехэти, Мэзытхьэм ыпхъу шъыхьэ анэхэмрэ бжъэу бзыхэмрэ ыщыщтыгъэх», — щыгъуазэ тешIы авторым. (Dirt, A 1925, н. 140 Anthropos Bd. 20). Черкесмэ яхьылIэгъэ пэсэрэ къэбархэр апэу тарихъым къыхафэхэрэр тиэрэ ыпэкIэ я V-рэ лIэшIэгъум екIух. Геродот зигугъу къышIыхэрэ «Зухаи» ( Suchai) — зыххэр афагъадэх ащ чыжьэкIэ ауж къикIыхэрэ «Зуиги-Зухои»-хэм («Zygi-Zuchji») (Tzichu= Человек). Ксенофонтрэ Скилаксырэ тиэрэ ыпэкIэ я II-рэ лIэшIэгъум ахэм «Керкет» ацIэу ягугъу къашIы ыкIи илъэсишъэ тешIагъэу апэрэ лIэшIэгъум Страбон ытхыгъэм тыщыIокIэ цIэу «Cercetae» (Керкетае). Мы лIэшIэгъу дэдэм синд-меот лъэпкъым зыхигъэтIухьагъ шъэрмэт (сармат) зыфаIорэ лъэпкъым (Sarkisyanz, E., н. 100). Синдо-меотхэм ХышIуцIэ Iушъом къэралыгъэу щагъэпсыгъагъэм тиэрэ къэсынкIэ илъэс 400 иIэу Горгиппиер икъэлэ шъхьаIэ мэхъу. Ю.С. Крушкол мы Iофыгъом иеплъыкIэ къыщыреIотыкIы имонографиеу 1971-рэ илъэсым къыдэкIыгъэм. Ащ щетхы синдхэр тиэрэ ыпэкIэ я III-рэ лIэшIэгъум къыщегъэжьагъэу былымхъуным, пщэжыеесэным пылъыгъэхэу, къошынышI IэпэIэсагъэхэу ыкIи я 8—7-рэ лIэшIэгъухэм ащыкIэдзагъэу гъучIым дэлажьэщтыгъэхэу.

IэшIагъэу къагъотыгъэхэр бгъэшIэгъон икъоу зигугъу къэтшIыгъэ Мыекъопэ культурэм фэдэ къабзэх. Синдмэ я 6-рэ лIэшIэгъум къэралыгъо гъэпсыкIэ яIагъ, япщыхэм ацIэхэр хэутыгъэхэу ахъщэхэр паупкIыщтыгъэх, ары пакIошъ, унашъуи зэхагъэуцогъагъ.

433—388-рэ илъэсхэм псэущтыгъэхэ пщыхэм язы горэм ГекотейкIэ еджэщтыгъэх (Sarkisyanz, E., 1961, н.100). Адриан (76—138) Рим Империем пачъыхьагъур зыщиIыгъыгъэ лъэхъаным зиххэм пщэу яIагъ ШтахьымфакIор (Штахемфак) (Клапрот 1814, т.2/II н.225). Нэужым, тиэрэ ыпэкIэ я IV-рэ лIэшIэгъум, ахэр Боспор пачъыхьагъум ыIыгъыгъэх. Нахь кIасэу (тиэрэ ия 376-рэ илъэсым) Пшызэ ишъофхэм гуннхэр арыкIуагъэх. Ахэр зэрыкIохэу, зынэсыхэрэр зэкIэ ауджэшъумэ, зэрапхъозэ зэшъхьэзашъо ашIыщтыгъ, зытеогъэхэ мыутIэ лъэпкъэр Пшызэ шъолъыр икъушъхьэ лъапэхэмрэ икъушъхьэхэмрэ якIужьыгъэх. Черкесмэ якъыблэ гъунэгъухэу гурджымэ яхроникэмэ ахэр къаззэрэхафэхэрэр «Кавкази» (Kavkasi), черкесхэр а лъэхъаным «цIыфыкIэ» («Дзихи» (Dzichi=tz'ichu)) зэджэжьыщтыгъэхэми, гъэшIэгъонэу щыт урымхэр арэущтэу мыхэм зэряджэщтыгъэхэри, цIыфмэ зэлъашIэ урымхэм нэмыкIыбзэ гущыIэхэр ежьмэ абзэ къызэрекIоу зэратхыхэрэри.

Хьарапхэр къызэряджэщтыгъэхэр — «Керкес» (Kerkes), генуэзхэр — «Киркази» (Kirkasi), Зыхыер — («Зихия» Zichia). ЛъэпкъыцIэу «черкесхэр» зэхэтфынэу тыфежьэмэ, бэми макIэми, зэлъашIэрэ къэIуакIэхэм литературэм уащыфэныкъощтэп. Мыщ дэжьым щысэ заул ныIэп къэтхьырэр. Я X-рэ лIэшIэгъум Ибн Масуди «пагэх, загъэины, зашIошIыжьы» — еIо. Айхвальд зэрилъытэрэмкIэ, гущыIэу «Тцарказы» (Tzarcasen) зыфиIорэр черкес византие Халкокондилос я XV-рэ лIэшIэгъум къахилъхьагъ. Клапрот зэрилъытэрэр «ШъхьэшIох» (1812, н.14), Лапинскэр (1863, т. 1. С.62) гущыIэм имэхьанэ тырку-тэтэрыбзэхэм ащылъэхъу, Tscher Чер bzw. Tschar Чар = фэгъэбэлын, лъыхъун; kess kes' = пыупкIын, хъункIын, укIын зыфиIохэрэр къыхегъэщых. Пщышъаоу (принцэу) Альбрехт Прусскэм (1863) зэрилъытэрэр — «лIыхъужъхэр, лIы гъэшIуагъэхэр»; Васмер (1953) — зызшIошIыжьыхэрэр, шъхьащытхъужьхэр». Дженкинс (1962, н. 186) гущыIэу «чэркэс»-р репхы «Керкезер» (Carkesag), ижъырэ черкесыбзэмкIэ ащ имэхьанэ «бгъэжъ». Дирр (1908, н.206) ежь къызэрэщыхъоу къызэрэзэхифырэр гущыIэу «черкесхэр» къызытекIыгъэр «Керкет» е «Керкетай». Сыдэу щытми, лъэпкъыцIэу «черкесхэр» зыфиIорэм тарихъым икIо текIоныгъэр къыщыдихыгъ ыкIи лъыкIотагъ. ЛъэпкъыцIэ гущыIэу «адыгэр» тиэрэ ыужкIэ я V-рэ лIэшIэгъум яIэ хъугъэ, зыхэм а гущыIэр тарихъым къызыхэхьагъэр я X-рэ лIэшIэгъум арэу алъытэ. Ащ фэгъэхьыгъэу А. Лесковым етхы: «Тэ тэгугъэ тиушэтынхэм яшIуагъэкIэ къыкIэлъыкIорэ илъэсхэм тарихъым къэшIэгъуаеу къыхафэхэрэр къагъэнэфэнхэу, анахьэу Пшызэ шъолъыр я X — XI-рэ лIэшIэгъухэм ягъунэпкъэ лъэхъаным епхыгъэхэр, адыгэ лъэпкъхэм тетыгъо гъэпсыкIэр къызэрэхахырэм ихьатырэу зыч-зыпчэгъу хъухэу зэрэригъэжьагъэр, кощырыпсэу цIыф лъэпкъхэу печенегхэмрэ нахь пэсаIоу половецхэмрэ апэуцужьы зэпытхэзэ адыгэ лъэпкъыр зыпкъ зэриуцуагъэр. ГущыIэу «адыгэхэр» къызыхэкIыгъэмкIэ джыри зы еплъыкIэ щыIэп, джащ фэд цIэу «черкесхэри». Литературэм ахэр зэрэщашIэхэрэр мыщ фэд: «хэхыгъэхэр» («Gehobenen») «обществэм ихэхыгъэ цIыфхэр» имэхьанэу (GukЗе, С. 1979, н.7), Боденштедт ахэм зэряджэрэр — «цIыфышIухэр» (1849, н.437), Путтман — «Къушъхьэхэмрэ тIуакIэхэмрэ зипсэупIэхэр» (1863, н.26), Лапинскэр — «гужъуагъэхэр» (1863, т.I. н.69). Шыкъултыр Батырбый итхыгъэ къызэрэщиIуагъэр «кугъогу цIыфхэр».

Урыс хроникэхэм зафэдгъазэмэ, къэтIон тлъэкIыщт адыгэхэр апэрэу урысхэм заIукIагъэхэр 1022-рэ илъэсыр арэу. КъызэраIорэмкIэ, адыгэ Рэдэдрэ Владимирыпщым ыкъоу Мстиславрэ зызэбэнхэм, ыужырэр текIуагъ. Рэдэд хэкIодагъ, джащ тетэу, зэрэзэзэгъэгъагъэхэу, урысхэм текIоныгъэр афэгъэзагъэ хъугъэ. ИлъэсишI зытешIэм адыгэхэр урыс пытапIэхэм атеохэу рагъэжьэжьыгъ ыкIи ахэр Къырым нэс зэкIагъэкIуагъэх. Рэдэд лъэпкъ IорыIуатэм къыхэнагъ ыкIи адыгэ лъэпкъхэм зэкIэмэ яныбэщэ орэдхэм, жъыухэм ащ ыцIэ ахэт.

Черкесмэ ятарихъ зытхьэ зиIэ дин инитIумэ чIыпIэшхо щиубытыгъ. Джаущтэу «урым чылысыр, нэмыкIмэ ялъытыгъэмэ, черкесмэ жьэу ахэуцуагъ. Я VII-рэ лIэшIэгъум щыIагъ зыхмэ яархиепископые Никопсис ипащэ дэсэу ыкIи я VIII-рэ лIэшIэгъум ыкIэм Таматархэ (Тмутаракань?) (Matrega) ипэщэ псэупIэу, Константинополь патриархым занкIэу епхыгъэу «Таматархэрэ Зыхыерэ ямитрополит» илъэс шъитфым ехъурэ мыр ипсэупIэу щытыгъ (Guckenjan, Hansgerd, 1977, н.127).

Урым чылысым идин хэгъэгум лъапсэ зыщидзыгъэр 1245-рэ илъэсым къыщыублагъ ыкIи 1333-рэ илъэсым лъэгэпIэ ин нэсыгъ, а лъэхъаным Матрегэ черкес, нахь тэрэзэу къэпIон хъумэ, зыхы, пщэу Фэрзахьэ (Ферзахе) идин зыщехъожьым, урым чылысым ипшъэрылъхэр гъэцэкIэгъэнхэр щигъэзыен ылъэкIыгъэп. Фэрзэхьэпщым идин зэрихъожьыгъэм политикэ мэхьанэ иIагъ нахь, дин фэныкъуагъэм къыхэкIэу щытыгъэп. Сыда пIомэ пщыр тещыныхьэщтыгъэ КъокIыпIэм щыIэ тырку лъэпкъхэр къытеонхэкIэ, ау Ватикан дзэ IэпыIэгъуи, ары пакIошъ, джэуапи, цыхьэшIэгъугъи ригъотылIагъэхэп. Монахэу Рикардус черкесмэ афэгъэхьыгъэу къыIопщыхэрэр 1551-рэ илъэсым Интериано къегъэшъыпкъэжьых. ЗэрэхъурэмкIэ, «ахэм къамэхэр сэмпIалъэмэ арылъхэу ыкIи мыжъолъыхэр къыздырахьакIых, ахэр рагъэчанынхэшъ, ашъхьэхэр рызэкIаупсэнхэу, арэу щытми, якIэ кIыхьэхэр благъэхэу къытырагъанэх».

Анахьэу унаIэ зытебдзэн фаер черкес бзылъфыгъэхэр чIыпIэу зэрытхэм афэгъэхьыгъэу Рикардус къытхыхэрэр ары. Ащ къызэриIорэмкIэ, ахэм осэшхо афашIэу щытыгъ. Интериано зэриIорэмкIэ, ахэм хабзэ яIагъ «Levirats» ыцIэу (шъузабэр ипщыкъо дэкIожьынэу). Арэу щытми, бзылъфыгъэм шъхьэкIэфэгъэшхо рахыщтыгъ. Бзылъфыгъэхэр лъэпкъ хасэхэм ыкIи пщы хасэхэм ахэлажьэщтыгъэх. Загъорэ бзылъфыгъэхэр ялIымэ ягъусэхэу зэуапIэхэм адакIощтыгъэх.

Фэрзэхьэпщыр зэренэгуягъэу 1380-рэ илъэсым монголхэр ыкIи нахь пасэу, 1395-м, Тамерлан иордэхэр хэгъэгум къытеуагъэх. Тохътамышыпщ тэтэрмэ аготэу Тамерлан зэрэпэуцужьыгъэм ишIуагъэ къэкIуагъэп. ТехакIохэм яордэхэм апэуцужьын е пэрыохъу афэхъунэу зэгуцэфэхэрэ пстэури аукIыщтыгъ, алIыщтыгъ, лъэпсэкIод ашIыщтыгъ. А техакIомрэ хэкужъ ащ ышIыгъэхэмрэ адыгэ гъыбзэ орэдхэм къахэнагъэх. ЫпэрапшIэу къыхьынхэм, нэужым урысхэм зэрэрагъэзыгъэхэм къыхэкIэу темырым щыпсэущтыгъэхэр къыблэмкIэ нахь чыжьэу къехыщтыгъэх. Генуэз картэм 1497-рэ ыкIи 1502-рэ илъэсхэм ахэр зэрэщытетхэр джырэ Таганрог къалэм пэчыжьаIоу ары. Урысыем икъэралыгъо гъунапкъэхэм заокIэ зэрахигъахьорэм къыхэкIэу ащ идзэхэр къыблэмкIэ къикIыхэзэ Кавказ къекIущтыгъэх. Осмэнхэм Кавказыр аIэ къырагъэхьаным кIэхъопсыщтыгъэх. ЯшIоигъоныгъэхэр мы чIыналъэм щызэтефагъэх, зэрэхъурэмкIэ, мыщ тетыгъор щыубытыгъэнымкIэ дунэе къэралыгъошхуитIур щызэпеощтыгъэх кIэн зэрешIэхэрэм фэдэу.




***ЕДЫДЖ Батырай.***

**ШIэныгъэлэжь.**

***(Джыри къыкIэлъыкIощт).***

